

# Vhiki Rechimakumi

## Manomwe RaDhanieri



Maita henyu, zvikuru kwazvo, Hama Neville. Mangwanani akanaka, shamwari. Mukana wakanaka wekudzoka pano mutabhanakeri zvakare mangwanani ano, kuenderera mberi neMharidzo huru iyi yatiri kuedza kutsanangura, iri *Vhiki Rechimakumi Manomwe RaDhanieri*. Uye tinofara kuona vazhinji kwazvo vakaungana pazuva rino riri kupisa, uye zvakadaro tine hurombo kuti hatina nzvimbo yekugara. Kuona vanhu vakaungana pamwe chete zvakadaro uye vakamira kwese-kwese, zvinoita kuti zvisashande zvakana. Uye kusave wakasununguka sezvaunofanirwa, zvinoita kuti zviome kwauri kuti unzwise. Asi tichaita zvese zvatinogona kuti tizvikurumidze.

<sup>2</sup> Uye—uye, nhasi, ndinovimba kuti mucha, kana ndikanonoka zvishoma, kuti muchandiregerera, nekuti ndiyo nguva yekurovedzerwa kweMharidzo ino, nguva chaiyo yekurovedzera. Takaiisa muhurongwa hutatu kuitira kuti tive nechokwadi chekuibata.

<sup>3</sup> Zvino, chokwadi, ungoro ino—inooneka inoziva kuti idzi, kana kuti Mharidzo idzi, dziri kuiswa patepi. Zvino anotumirwa kwese pasi rose. Chaizvoizvo nyika yega-yega inogamuchira matepi aya kwese pasi rese. Uye ndinoda kutaura izvi kuvateereri vematepi, chero kwamuri, mune chikamu chipi chepasi rino chamuri machiri, kuti pangave nezvimwe zvinhu imo muno zvamunogona kusabvumirana neni pamusoro pedzidziso dzandi—dzandinaita. Asi ndinoda kutaura, hama, pamwe, kuti kana maitanangura nezira yamakazviona nayo, zvinogona kunge zvakasiyana nezvandaizotenda. Asi, ndaizofarira kuteerera pane zvamuchazotaura.

<sup>4</sup> Uye zvine pfungwa yekuti ndinounza Mharidzo idzi, kubva ku... Shoko raMwari, mumoyo mangu. Ndedze kusimudzirwa kweChechi, kweChechi yese, Chechi yepasi rose; Chechi yaKristu, yepasi rose. Uye zvirokwazvo ndinotenda kuti tiri kurarama muzuva rekupedzisira. Uye kuedza kwangu kutsanangura izvi, uye zvakadaro ndisingaedze kuzviita, kuzvisundidzira, neimwe nzira kana neimwewo. Handisati ndambova nemhosva, sekuziva kwandinaita, yekuzviita.

<sup>5</sup> Nguva zhinji vanhu vanonzwa kubva kumatepi, zvino vanoti, “Saka, handibvumirane nazvo. Haazive chete dzidziso yake, haazive Rugwaro.” Saka, ichocho, chinogona kuva chokwadi chose. Maona? Handingati ichocho hachisi chokwadi.

Asi, kwandiri, ndi—ndinoChinzvera, ndisingatore chero—chero mashoko...Ndinoverenga zvinotaurwa nevamwe varume, uye ndinovayemura. Chinhu chese chinotaurwa nechero munhu, ndinochiyemura. Asi ipapo—ipapo ndinoenda nacho kuna Mwari, uye ndinogara nacho kusvikira ndagona kuchitsanangura, kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, uyezve ndozviona zvese zvakabatana muBhaibheri. Uyezve ndi—ndinoziva kuti zviri pedyosa nechokwadi. Uye, hongu, paunenge wakarurama, inongovawo nzvimbo imwe chete yandakabuda pa—pamutsara. Uye pamwewo paunenge wakakanganisa, kana kunatsa, ndipo pandakabuda pamutsara, uye tikazvitorawo nerimwe divi.

<sup>6</sup> Saka, tinoyemura imi mose vanhu vakanaka vari pano muungano, mangwanani ano, uye nemi vanhu vakanaka vanonzwa matepi aya. Uye isu...Zvese zvinoitwa, zvese ndezvekuitira Humambo hwaMwari. Ndine shamwari zhinji dzakanaka pasi rose, dzandinokoshesa zvikuru, uye nekutenda kuti ndichagara Nokusingaperi navo. Uye hazvaizova mumoyo mangu kuedza ku—kunyengera vanhu ivavo, nenzira ipi zvayo, asi kuedza kuzadzikisa zvese zvandinogona kuvabatsira.

<sup>7</sup> Ndinonzwa sezvakaita Soromoni paakanamata, ndokuti, amupe huchenjeri kuti agone kutungamira vanhu vaMwari. Ndiwo munamato wangu wakaperera.

<sup>8</sup> Vabatidzani vangu pamwe neni pano, kwese-kwese, ndiri kuona Hama Mercier, na—naHama Roy Borders, neHama Neville, naBilly Paul, mwanakomana wangu. Gene ari pano pane imwe nzvimbo, nehama, Teddy, nevamwe. Ndinokoshesa vanhu vese ava vanouya kuzondibatsira.

<sup>9</sup> Ndinorangarira pano kasiri kare, Hama Leo, chi—chiratidzo chavakava nacho; hope, vakaitumidza kudarwo, humwe husiku patakatanga kusangana; kuti vakaona nhongonya huru yepiramidhi, iri kumusoro-soro mudenga. Zvino ndakanga ndiri kumusoro ikoko ndichiparidza, kune imwe nzvimbo, zvino vakakwira kumusoro kuti vaone kuti zvaimbowa zvei. Zvino pvakakwira kumusoro ikoko kumusoro kwenhongonya iyi, nhai, vakati, kure-kure kwaita sekunge muchiedza chaitaridzika sesirivheri, kana sendiro, ndakanga ndakamira, ndichiparidzira vanhu. Zvino vakakwezva kutarisa kwangu, zvino ndakatendeukira kwavari. Zvino vakati, “Mambosvika sei kunze ikoko? Ndingaenda sei kunze ikoko?”

<sup>10</sup> Ndakati, “Leo, hapana munhu anokwanisa kuuya kunze kuno. Mwari ndivo vanotofanira kutounza munhu kuno. Zvino, hausi kufanira kuuya kuno. Uri kufanira kudzika zasi kunopupurira vanhu avo vari zasi uko, mushure mekunge wazviona, kuti ndicho Chokwadi, kuti Ichocho iChokwadi.” Leo ndokudzika achidzokera pasi, kunopupurira vanhu.

<sup>11</sup> Yave nguva yakareba zvakadii, Hama Leo? Makore akati wandei, hazvina kudaro here? Makore akati wandei. Kubva ipapo, sekuziva kwandinoita, anga akatendeka mukuita izvozvo, achipupurira vanhu kuti ishumiro inobva kuna Mwari. Zvino, uye ini—ini handidi kuti zvibve kwandiri. Kana zvichibva kwandiri, saka hazvina kunaka, nekuti hapana chakanaka chiri mumunhu. Maona? Zvinofanira kubva kuna Mwari.

<sup>12</sup> Zvino, pandinotarisa-tarisa...Nezuro masikati, ndakakwazisana maoko neshamwari yangu, Hama West. Handisati ndavaona nazvino, muchivakwa; hongu, ndazodaro zvino, mangwanani ano. Uye munoziva kuti vanhu ivavo vanotyaira kure zvakadini, nzira yese kubva zasi mu—muAlabama, neSvondo yega-yega, kuuya pano, kubva zasi-zasi muAlabama!

<sup>13</sup> Hama Welch Evans, ndakavapotsa Svondo yadarika. Mumwe munhu ati vanga vari pano nhasi. Vanhu ivavo vanotyaira kubva kuTifton, Georgia, kuti vave pano. Uye nehama igere pano, vamwe vayo. Vakawanda kwazvo! Hama Palmer vanobva kuMacon, Georgia. Uye ndinoona, ndinotenda, Hanzvadzi Ungren nevamwe kumashure uko. Vanobva nzira yose kubva kuMemphis, Tennessee. Zvino, unofunga...Uye nevamwe vanobva kune dzimwe nzvimbo. Ndichangosangana nemudzimai ari muno anobva uko, uko kure kuSouth Carolina.

<sup>14</sup> Zvino, munofunga kuti vanhu pano...Ndanga ndakatarisa uko, kubva kuChicago, nenzvimbo dzakangosiyana-siyana, vachityaira mazana nemazana emamaira, kungouya kuzova mushumiro. Zvino, pavanosvika pano, hapana nzvimbo yekugara pasi. Pasina kamuri ine mhupo inotonhorera; chivakwa chekare chinopisa, chekumira machiri, vachipukuta dikita. Vachitora mari kubva patafura, kubva kuvana vavo, kuti vauye pano kuzoteerera kuMharidzo iyoyo. Munoreva here kundiudza kuti hapana...mhiri kwerukova urwu, kune imwe nzvimbo, kuti kune nzvimbo kwavari kuenda, rimwe remazuva ano? Chokwadi, iripo. Ndiko kutendeka! Vanhu ivavo vanobvisa chegumi. Havangouya chete, vanounza chegumi nemipiro zvavo, uye vachiuya nazvo muimba maShe, vachiedza kuita izvo zvakanaka. Mwari varopafadze zvikuru vanhu vakavimbika zvakadaro! Tsitsi nenyasha dzaMwari zvive navo.

<sup>15</sup> Ndinoona shamwari yangu, Charlie Cox, avo vanobva zasi kumaodzanyemba eKentucky. Uye kwese-kwese, kwaunotarisa-tarisa, unoona vanhu vanobva kunzvimbo dzakasiyana-siyana.

<sup>16</sup> Mujaya uyu akagara apo, handikwanise kudaidza zita rake. Ndakasangana naye kuChicago. Asi unobva kune chimwe chikoro cheBhaibheri kure nekuno, kune imwe nzvimbo, haudaro here? [Hama inoti, "Springfield, Missouri."—Mupepeti] Springfield, Missouri; chikoro cheBhaibheri cheAssembly of

God. Hongu. Saka, zvakanaka. Munoono, vanongouya vachibva kwese-kwese, muchechi diki-diki ino yakare.

<sup>17</sup> Chimbofunga, kunge, makore angangoita makumi matatu apfuura pandakaisa dombu repakona mangwanani aye, Ndaive ndakamira neche uko pana Seventh Street, kure bhuroko rimwe. Ndakanga ndisati ndatomboroora, ndichingove mujaya. Uye ndakaona chiratidzo chevanhu vakazara uye vakamanikidzana muno vachibva kwese-kwese. Zvino ndakafara kwazvo, ndakamira kuseri kwepurupiti. Ndipo paAkandiudza kuti, “Asi ino haisi tabhanakeri yako.” Zvino Akandigadzika pasi pari pasi pematenga. Uye munoziva zvimwe zvenyaya yacho yese zvakananyorwa papeji reBhaibheri riri mudombo repakona apo.

<sup>18</sup> Ndinotenda zvikuru nemi vanhu. Handikwanise... Izvozvo, zvisihoma kwazvo, ku—kungoti, “Saka, ndinotenda nekuda kwenyu.” Asi ndinokunamatirai. Ndinotenda mamuri. Ndinotenda mune zviitiko zvenyu zvaMwari. Handitende kuti murume kana mudzimai aizotyaira mazana nemazana emamaira kuuya pano, kuzoratidza mhandu dzhembe dzavakapfeka. Ini—ini handifungi kuti vangazoita izvozvo. Kwete. Ivo havangouya pano kuzongoonekwa chete. Vari kuuya pano nekuti vari muhudzamu pamwe nemukuperera nekuda kweruponeso rwemweya yavo. Munamoto wangu ndewekuti: “Mwari ndibatsireiwo, ndibatsireiwo kuti ndingovawo hafu yekuperera kwakadaro, kuedza kushumira kwavari nezvose zviri mumoyo mangu, uye nekutarisa kuna Mwari.”

<sup>19</sup> Mharidzo, munoono, mangwanani ano, yakadhirowewa pano pabhodhi dema pano. Zvinongova chete zvekuita kuti, nditsanangure pandinopfuirira mberi, kuedza kuita kuti mukwanise kunzwisisa zvandiri kuedza kutaura nezvazvo.

<sup>20</sup> Uye *Mavhiki Makumi Manomwe Adhanieri* aya anga ari chidzidzo chimwe chikuru, mazuva maviri nehusiku huviri, potse, Ndanga ndiri, pakupera kwevhiki pano, ndanga ndiri pachiri, ndichiedza kutsvaga mazwi ekutaura eChokwadi. Zvinofanira kuenderana neBhaibheri rose. Maona? Haungogoni kuRitora, Gwaro rimwe chete diki uye woita ku—kunzwisisa, zvino wobva wati, “Saka, izvi ndizvo zvinorehwa neizvi,” uye zvakare wotendeuka woti, “Saka, asi pano apa Ri—Rinotaura chimwe chinhu, richipesana neizvi.” Harikwanise kuita izvozvo. Rinofanira kutaura chinhu chimwe chete nguva dzose. Kana ukasadaro, nhai, izvozvo, ipapo uri—uri kukanganisa. Uye ndiyo nzira yandakaedza kuRidzidzisa.

<sup>21</sup> Gara zviya, pamatepi, nekuda kwekuti zviri pamatepi, kutsoropodzwa kukuru kwandinako pamatepi, kwehama dzangu dziri kunze kumatunhu akasiyana-siyana enyika, kutenda munyasha dzaMwari, kuti ndinodzidzisa nezira yandinaita, kuti, “Takafanotemerwa nyika isati yavambwa.”

22 Hama dzangu dzechiPentekosti, ndizvo, ndinoziva kuti maonero enyu ndeemutemo, munoono, uye ndi—ndinoziva kuti zvinoti vhiringidzei zvishoma kumaonero enyu. Asi waidaro here, sehama yeChikristu, haungazongozvipawo here kufungisisa kwakakwana kwekuenda pamabvi ako pamberi paMwari, neBhaibheri rako, wokumbira Mwari kuti vakutsanangurire? Ungazviita here? Ungatora here divi rezvemitemo uye woedza kuriita kuti ribatane kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa?

23 Zvino, “Mbeu yenyoka,” ndiyo inouraya; vanhu vazhinji havatendi izvozvo. Asi, kana mukangoverenga muna Genesi, Bhaibheri rakati nyoka yaive nembeu. “Uye ndichaisa ruvengo pakati pembeu yenyoka neMbeu yemudzimai.” Saka, nyoka yaive nembeu. Uye kana mbeu yenyoka yaive yemweya, saka Jesu akanga asiri munhu, saka Mbeu yemudzimai yaive yemweya. Vari vaviri vaive nembeu, uye ruvengo rwuchiripo. Nyoka yaive nembeu. Uye kana ukangatora Bhaibheri rako, wogara pasi wova neruremekedzo chairwo pamberi paMwari, Ndinotenda kuti Mwari vachazvizarurira kwauri.

24 Uye kana usingazvinzwise, ndino—ndinowanikwa, chero nguva, kuti ndiite nepandinogonesesa napo chaipo kukubatsira, netsamba kana ne—kana nehurukuro yedungamunhu, kana chero chinhu chandinokwanisa kuita kuti ndikubatsire. Hongu, tinoona kuti izvozvo hazviponesi munhu, kana kupa munhu mhosva, asi zvinongounza Chiedza pamusoro penyaya yatiri tese kuedza zvakanyanya kuti vanhu vaone. Maona? Zvinongounza Chiedza.

25 Zvino, kune vateereri vari kuoneka, ndataura izvi nekuti matepi, munoono, uye matepi aya anoenda kwese, kwese-kwese.

26 Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva, tisati tasvika kuMunyoru weShoko iri. Uye vangani muungano mangwanani ano vane chishuwo, vari kungoti, “Ndine chishuwo. O Mwari, ndinzwireiwo tsitsi”? Ishe varopafadze. Uye kune avo vachazonzwa tepi, pamunoinzwa, dai Mwari vakupai chikumbiro chenyu.

27 Baba vedu Vokudenga, tiri vanhu vanotenda, zvisinei tiri vanhu vasina kukodzera. Asi tiri kuswedera kuChigaro cheNyu chenyanisa mangwanani ano, nekuti takakokwa kuti tiuye. Jesu akati, “Kumbira Baba chero chinhu muZita raNgu, Ndichachiita.” Zvino, tinoziva kuti ichocho ichokwadi.

28 Uye pano muungano, nekunze mu—munyika uko kuchaenda matepi, pachagona kunge paine makumi ezviuru zveMakristu akazvarwa patsva anonzwa izvi. Uye tinoziva, Baba, kana tichinge tazvarwa patsva, kuti mweya wedu unobarwa kubva Kumusoro. Mweya waMwari, Mweya Mutsvene, uri pamusoro pedu. Uye tinocherechedza kuti Mweya Mutsvene iwoyo une masimba ose uye unokwanisa kutiitira

chero chinhu chatinoshuvira kuti chitwe. Zvino, Baba Vokudenga, tinokukumbirai kuti mutupfunure kutenda kwedu kuMweya iwoyo, kuti Ugone kutiwanira mangwanani ano, uye kuitira kubwinya kweHumambo hwaMwari, zvikumbiro zvose izvi nezvishuwo, kuti tigopodzwa kuhurwere hwedu nematambudziko edu, kuti tigoshumira Mwari wedu nezvose zviri matiri.

<sup>29</sup> Zarurai nzeve dzedu dzekunzwisisa nhasi, uye apo ndichiedza kuunza mubvunzo mukuru uyu, nekuujekesa mupfungwa dzevanhu. Zvino, ndinazvo ndakazvinyora pano, Ishe, pabepa, uye zvakare zvakadhirowewa pabhodhi dema iri, chati iyi, asi handikwanise zvachose kuzvitsanangura. Zvino tinodana kwaMuri, Tenzi mukuru Akanyora Shoko, AkaRifemera, AkaRipa kumuporofita Dhanieri. Uye tinonamata kuti Muchatumira kufemera mangwanani ano, mumazuva ano ekupedzisira, sekutaura kwaAkaita kuti Bhuku richavharwa kusvika panguva ino, kuti Muchavhura kunzwisisa kwedu. Uye dai pakava nekutenda kwakadyarwa muivhu nyoro mumoyo medu kunotendera kuti Shoko ribatirire uye neHupenyu, nekuunza miti yekururama muhupenyu hwedu, yaRakagadzirirwa kuita. Kutenda kwedu muna Mwari, ngakutiwanire izvozvo mangwanani ano. Nekuti tamirira takazvinipisa zvino, nekuzvikumikidza kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>30</sup> Zvino, tinotenda nemangwanani ano, nemukana mukuru zvakare wekuvhura mapeji aya eShoko raMwari reKusingaperi.

<sup>31</sup> Zvino, chikonzero ndatora mungava pachangu kuedza kutsanangura izvi, imhaka yekuti tiri kupfuura nemuBhuku raZvakazarurwa, uye tichangobva kupfuura nemumazera manomwe echechi. Uye, zvakare, kumagumo kwechitsauko 3 cheBhuku raZvakazarurwa, Chechi inotorwa kubva panyika, ichikwira muKubwinya. Uye ini ndichiedza, nemoyo wangu wese, kuendesa izvi kuvanhu, kuti vari kutarisira kuti chimwe chinhu chiitike, izvo zvavanoona zvakanorwa muBhuku raZvakazarurwa, pazvakanga zvisina kuiswa muzera rechechi. Uye tave pedyosa nemagumo kupfuurira zvamunofunga.

<sup>32</sup> Husiku hushoma hwapfuura, Billy, wangu...Kana kuti, muroora wangu, waro, akandifonera, pakati pehusiku, ndokuti paiva nemumwe murume anonzi Andy Herman, anova hama yangu, ainge akarara, achifa ari muchipatara. Ndakabuda ndichinomuona. Vakanga vamudhakisa, ini...zvakananyanya, zvekuti ainge akarara, uye handina kukwanisa kutaura naye. Mangwanani akatevera acho...Ndakakumbira Mwari kuti vamuchengete ari mupenyu kusvikira ndagona. Andy murume akanaka, asi aingove asiri muKristu. Haasi sekuru; ihama, akaroorwa hama yangu.

Uye ipapo apo Amainini Ade vakandiudza, ndakamira ipapo, vakati, “Billy, makore makumi masere ese aya ehupenyu hwake, haana kushumira Mwari. Asi,” vakati, “mavhiki mashoma apfuura akanga akagara mumba . . .” Iye, ane makore makumi masere ekuberekwa, hongu, haaite basa rakawanda remaoko. Asi vakati . . .

Akavadana akati, “Ade, unoziva chii? Kristu auya pamberi pangu pano, anongova maminiti mashoma apfuura.”

Vakamutarisa, ndokuti, “Andy, uri—uri . . . Chii chiri kunetsa?” Vakati . . .

Akati, “Kwete. Amira pano chaipo pamberi pangu, uye Akataura chimwe chinhu.”

Vakati, “Ati kudii?”

“Nguva yapera kupfuura zvaunofunga.”

<sup>33</sup> Mumavhiki mashoma kubva ipapo, mavhiki maviri kana matatu, aive aita sitiroko uye aoma mitezo akarara ari muchipatara, ave kufa. Ndakati, “Amainini Ade, munonyadzisa nekusandidana kana kuti mumwe munhu, kuti amugadzirire moyo wake unge uri muchinhano chakanaka kuitira nguva ino yaasvika pairi.”

<sup>34</sup> Ndakakumbira Ishe, mangwanani anotevera, apo ini . . . Aisagona kutaura, saka ndakangomubvunza. Ndakati, “Muri kundinzwira here, Babamunini Andy?” Uye ivo—ivo vaigona kugutsurira musoro wavo zvishoma nekufambisa shaya dzavo. Ndakavanamutira, ndikavaita kuti vareurure zvivi zvavo pamberi paMwari. Ndaida kuvabhabhatidza, uye Mainini Ade vaidira kubhabhatidzwa.

<sup>35</sup> Zvino ndakadzika zasi kwehoro, kuti ndione mudzimai wechidiki anogara munharaunda kuno, uyo wavaizotumira kuchipatara chemapenzi, uye Ishe vakamuitira chinhu chikuru, akauya kumba.

Zvino, munzira ndichikwidza, ndakasangana neimwe hanzvadzi yechitema, zvino yakati, “Hamuzi Hama Branham here?”

Ndikati, “Ndini.”

Akati, “Munondirangarira here? Ndini Mai Drye.”

<sup>36</sup> Ndikati, “Hongu, ndinotenda ndinodaro. Pete Drye nevamwe.” Ndikati, “Hongu, ndi—ndinokurangarirai.” Akatarisa mukamuri, uye patakadaro . . . Zvakandinetsa kuti sei ataura kudaro. Zvino, ipapo, Babamunini Andy vakanga vamuka pamubhedha, uye vakagara pamusoro ipapo, vachifambisa zvanza zvavo nemaoko semumwe munhu wese, vachiedza kuita kuti chinhu, chinhu chemubhedha chidzike, kuti vagone kubuda vachibva ipapo vaende. Zvino vari kuuya kuzobhabhatidzwa muZita raIshe Jesu, ivo nemudzimai wavo.

<sup>37</sup> Saka, asi zvandazvitaaurira, nguva yaperera kupfuura zvatnofunga. Uye ndinotenda kuti aya *Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri* achatipa kunzwisisa.

<sup>38</sup> Zvino, hama dzedu zhinji dzechiPentekosti, izvo zvandambotaura kwekutanga patepi, kuti vanopesana neIzvi. Vari kutsvaga chimwe chinhu chikuru, chine simba kuti chiitike. Uye, hama dzangu, kana mukanyatsoteereresera, uye morega. . . uye moteerera, muchaona kuti ichocho chimwe chinhu chikuru, chine simba chakatodarika kare. Jesu agadzirira kudzoka.

<sup>39</sup> Chechi inoenda pachitsauko 3 chaZvakazarurwa. Hapana chakataurwa imomo pamusoro pechii zvacho, asi chinhu chete chekupedzisira chaive mutumwa wekupedzisira wezera. Zvadarwo, tinozoshanda nemaJudha kusvika pakuyaya zvakare neMwenga, muchitsauko 19. Kubva pachitsauko 6 kusvika pa19 maJudha chete.

Ndipo pandiri kuda kusvika kuhama yangu yakanaka neche pano panguva dzeZvisimbiso izvi, Hama Wood, yakambenge iri yeJehovah Witness, ivo nemhuri yavo yese, pano mangwanani ano, kuti vaya “zviuru zana zvinemakumi mana nezvina” vakanga vasiri, vainge vasina nechekuita neMarudzi. Ivo maJudha. Maona? Uye hausiwwo Mutumbi wakavanzika waKristu panyika pano nhasi.

Mwenga ndiwo Mutumbi wakavanzika. NeMweya Mutsvene tinobhabhatidzirwa muMutumbi iwoyo wakavanzika.

<sup>40</sup> Zvino, tinoziva kuti muBhuku raDhanieri pano, patanga tichiverenga, tichangoverenga zvakare nekuti iShoko raVo. Muchitsauko 9 chaDhanieri, ndima 24.

*Mavhiki makumi manomwe akatemerwa pavanhu vako neguta rako dzvene, kupedzisa kudarika, . . . kugumisa chivi, nokuyanansira kusarurama, nokuyisa kururama kusingaperi, nekusimbisa chiratidzo nechiporofita, nekuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene.*

ndima 25, “Naizvozvo ziva uye unzwisise, kuti kubva. . .” Zvino, ndizvo zvatanga tiri kutaura nezvazvo, uye takazopedzisira pane izvozvo Svondo yekupedzisira manheru, “kuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene.” Apa ndipo patinotangira mangwanani ano, pandima 25. “Uye naizvozvo. . .”

*Naizvozvo chiziva uye unzwisise, kuti kubva pakutemwa kwemurairo wekudzorerredza nokuvaka Jerusarema (ndiro “guta rako dzvene,” munoono) kusvikira kuna. . . Mesiya Muchinda achava mavhiki manomwe, nemavhiki makumi matanhatu nemaviri: uye mugwagwa uchavakwa zvakare, uye nemadziro, uye kunyangwe mungwa dzematambudziko.*



*Zvino mushure memavhiki makumi matanhatu nemaviri Mesiya achagurwa, asi kwete nekuda kwake: uye vanhu vomuchinda achauya vachaparadza guta nenzvimbo tsvene; asi kuguma kwazvo kuchava nemafashama makuru, uye pakupera kwehondo kuparadzwa kwakatemerwa.*

“Uye...” Zvino, rangarirai, ndiko kupera kwehondo. Tinazvo pabhodhi pano. “Uye,” zvino tiri kutanga chimwe chinhu.

*Zvino iye achasimbisa sungano nevazhinji kwevhiki rimwe: zvino pakati pevhiki achagumisa chibayiro nechipiriso, uye nekuda kwekupararira kwechinyangadzo achachiita dongo, kunyangwe kusvika kumagumo, (ndizvo, zvoga), uye izvo zvakatemerwa zvichadururirwa pamusoro pezvaparadzwa.*

<sup>41</sup> Oo, chidzidzo chakadii! Ndakati kumudzimai wangu rimwe zuva, “Handizivi kana vanhu vari kunyatsozvibata.” Zvino, ndinoda kuti muzvibate. Regai . . . Kana imi, tichifanirwa kugara pano zuva rese, ingogara. Zvino, ti—ti—tinoda kuzvibata. Maona? Ti—tinoda kuziva kuti iChokwadi. Uye, imi, kana mukangokwanisa kuzviona! Uye ndichabvunza, pamwe . . .

<sup>42</sup> Uyezve, mushure mazvo, ndichasiya chati yakarembera pano, uye imi—imi munogona kuzoidhirowa, mushure mazvo. Pindai muno masikati ano, chero pamunoda, mudhirowe machati nezvimwe zvakadaro. Zvichakubatsirai kuti munzwisise. Ndicho chikonzero ndakariisa ipapo, kuitira kuti muzvinzwisise.

<sup>43</sup> Zvino, ngatidzokerei kumashure zvishoma kuti tiwane hwaro. Zvino paiva . . . Dhanieri akange achinetseka pamusoro pevanhu vekwake, nekuti akange averenga Jeremia muporofita, uye akanzwisisa kuti Jeremia aive ati vachange vari muhutapwa kwemakore makumi manomwe. Uyezve, akaona ipapo kuti vaive vatove muhutapwa kwemakore makumi matanhatu nemasere, saka akaziva kuti nguva yakanga yave pedyo. Saka akaisa parutivi basa rake rese, akadzikisa pasi, tingati, zvivharo zveose mabasa ake ezuva nezuva. Akanangisa chiso chake kuna Mwari, akapfeka matsaga nemadota, ndokutanga kutsanya nekunamata, kuti anzwisise kuti nguva yacho ichava rinhi. Tinobva tawana, sezvandataura kumashure . . .

[Hama Branham vanotaura nemumwe munhu papuratifomu—Mupepeti] Mungazvitendeudze here, neche uko nenzira *iy*o, zvishoma-shoma chete. Iyo feni, iri kungoti nyanyisei zvishoma-shoma. Inondiita kuti ndishoshome. Zvino . . . Mazvita, hama.

<sup>44</sup> Zvino, ipapo tinoona kuti, Dhanieri, aida ruzivo urwu kuitira vanhu vake. Uye ndinofunga, kana Dhanieri, nokuverenga

vaporofita vaive pamberi pake, uye akave nemhando yekunzwisisa uku, kuti aive pedyo nekuguma, uye akatsvaga Mwari, kuti azive kuti magumo aive pedyo zvakadii, ipapo ndinofunga isu tinoruramiswa, nekuona kuti tave kumagumo enzira izvozvi, topfeka kwete masaga nemadota, asi torasa zvinhu zvenyika, nekufunganya kwedu pane zvehupenyu huno, nekutsvaga Mwari, kuti tione kuti izuva ripi regore ratiri mariri, nekuti tinoona tava kumagumo, uye kuitira kuti Chechi itsanye nekunamata uye igadzirire. Ndosaka ndazama kutora mungava pachezvangu... Ndisingazivi kuti ndinotsanangura izvi sei, nekuti ndakazvinyenyeredza nguva imwe neimwe, ndikati, “Mavhiki makumi manomwe iwayo aDhanieri,” nekuti ndaisakwanisa kuzvinzwisisa. Uye ndosaka ndatora mungava pachezvangu zvino, kuedza kuzvitsanangura. Uye ndinotenda, nerubatsiro rwaShe, ndinogona kuzviita nyenasha dzaVo, kuzviunza uko, kukuratidzai kuti tava pedyo sei neKuuya kwaShe.

<sup>45</sup> Zvino, Dhanieri aingova mumakore maviri. Zvino tinozoona, kuti, paakanga ari mumunamato, Mutumwa, Gabrieri, akamhanyira kwaari; uye haana bedzi kungomutsanangurira kuti vanhu vake vachabuda riinhi muhutapwa, asi, zvakare, zvese zvaive zvakatemerwa kuvanhu vake, zvese zvakanga zvasarira vanhu vake. Akati, “Kwasara mavhiki makumi manomwe kumaJudha.”

<sup>46</sup> Zvino, tinoona, kuti Aiva nechinangwa chakapetwa katanhatu. Uye chimwe chacho, kwaiva kupedzisa kudarika; ne—nekugumisa chivi; kuyananisira kusarurama; kuunza kururama kusingaperi; kusimbisa chiratidzo nechiporofita; uye nokuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene.

<sup>47</sup> Zvino takatora, Svondo yakapfuura mangwanani, Dhanieri ari muchimiro chake zasi uko, achinamata. Manheru eSvondo yakapfuura, tichipa Magwaro, kuitira kuti vanhu vazviverenge kana vasvika kumba. Makazviverenga here? Makazvida here? Zvakanakisa!

<sup>48</sup> Zvino, chinangwa chakapetwa katanhatu. Uye tinoona kuti, pachinangwa chechitanhatu ichi, “kuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene,” tinoona kuti “Nzvimbo tsvene-tsvene” yagara ichimirira Chechi, Tabhanakeri. Uye chinhu chekupedzisira chaifanira kuitwa, kwaiva kuzodza Nzvimbo tsvene-tsvene, ndiyo Tabhanakeri yemuMireniyamu yaVachagara mairi munguva yeMireniyamu, yatichagara mairi.

<sup>49</sup> Zvino, nhasi, zvino tava kusvika, “Mavhiki makumi manomwe chii?” Uye ichi chikamu chakakosha kwazvo, mavhiki makumi manomwe.

<sup>50</sup> Zvino, tinoziva kuti Magwaro haagoni kunyepa. Anofanira kuva Chokwadi. Uye kana Mutumwa uyu Gabrieri akauya ndokuudza Dhanieri kuti kwangosara mavhiki makumi

manomwe chete kumaJudha...Zvino, isu taizozviisa kuzuva rechitanhatu...kana vhiki rine mazuva manomwe. Asi, muchiporofita zvinogara zvichipihwa nemifananidzo.

<sup>51</sup> Uye saka, pasina kupokana kuti zvichidzika nemuzera, pakave nemazana akapetwa mazana evanhu, vadzidzi, varume vane kukwanisa, vachiedza kutsanangura kuti mavhiki makumi manomwe aya aiva chii. Uye ndakaverenga zvakawanda zvezvinyorwa zvavo pazviri. Uye ndinotenda zvikuru kuna VaSmith, vechechi yeAdventisti, nokuda kwemaonero avo. Ndinotenda zvikuru kuna Chiremba Larkin, nemaonero avo. Ndinotenda kune vadzidzi vese vakuru ava, nemaonero avo pane izvi. Uye pakuaverenga, zvinondijekesera zvakanyanya, kuti ndinokwanisa kuwana nzvimbo dzinotaridzika kuva chaidzo. Asi kuwana maonero anda—ndakafunga kuti ndaizoda kutsanangura, Ndakatsvaga muenisaikoropidhiya, ye “nguva,” kuti ndione kuti “nguva” yairevei.

<sup>52</sup> Uye tinoona neche kuno, tine “nguva, nguva, nekupatsanurwa kwenguva.” *Nguva* chii? Chii chinonzi *vhiki*? Zvino, akanga ari makore zviuru zvitatu, zvinamazana mana nemakumi matatu apfuura, kubvira izvi zvakaitika, kubvira Mwari vakatanga kushanda nemaJudha; makore mazhinji, kwazvo apfuura. Dhanieri aive b.c., uye nguva iyoyo yaive b.c. 538, makore 538 Kristu asati auya, paakataura izvi zve “nguva, nguva, nekupatsanurwa kwenguva.” Uye, mavhiki makumi manomwe, tarisai kuti mavhiki makumi manomwe aizomusvitsa kupi. Handiti, akanga achiri kuBhabhironi, mumavhiki makumi manomwe, uye zvakadaro Mwari vakamuudza kuti ndiyo yaiva nguva yese yakatemerwa pavanhu.

<sup>53</sup> Zvino, chechi yangu pano inoziva kuti mumakore ese ndakagara ndichikuudzai, “Kana muchida kuziva kuti izuva ripi revhiki, tarisai pakarenda. Asi kana muchida kuziva nguva yatiri kurarama mairi, tarisai maJudha iwayo.” Ndicho chiringazuva chega. Mwari havana—havana kutarira dzimwe nguva dzeMarudzi; pakanga pasina chimwe chikamu chakatsaurwa chenguva. Uye ndipo pandinofunga kuti vanyori vazhinji vakakurumbira vakazvihenganisa, uye vachiedza kuzviisa izvi kumaJudha nekuMarudzi, nekuti Akati, “Vanhu vaku.” Asi Akanga achitaura naDhanieri, kwete kuChechi; vanhu vaDhanieri, maJudha. Dai Ainge achitaura kuChechi, hauna kwaunogona kuzvisvitsa; uri—uri kumashure-shure, kunyangwe kuuya kwaKristu kusati kwasvika. Zvaizogumisira mune chero mhando yemavhiki echiporofita aunoda kuzviisa mazviri. Zvatopera kare. Asi Ainge achitaura kune maJudha, saka naizvozvo muJudha ndiye chiringazuva chaMwari.

<sup>54</sup> Munorangarira pano, kasiri kare, apo Hama Arganbright, vekuCalifornia, mutevedzeri wemutungamiriri weInternational Full Gospel Business Men’s Association, vakauya kumba kwangu uye vakaunza te—tepi; uye kwete tepi, asi fi—firimu,

iro ivo . . . re*Three Minutes Till Midnight*. Rakatorwa paongororo yesainzi. Pandakaona maJudha iwayo achidzokera, achidzokera kuJerusarema, ndakauya zasi kuno kutabhenakeri, ndikati, “Ndinonzwa sekunge ndave nekutendeuka zvakare.” Vazhinji venyu munozvirangarira izvozvo. Ndakati, “Kuona maJudha iwayo achidzokera!”

Jesu akati, muna Mateo chitsauko 24, “Pamunoona muti wemuonde uchibukira.” Munoziva zvekutarisirira, munoona, maJudha achidzokera!

<sup>55</sup> Zvino, ndine zvimwe zvirevo zvakanyorwa pano. Ndingada kupinda mazviri. Zvino, zvino, ndicha—ndichatora nguva yangu, kuitira kuti mugonewo kuzvinyora. Zvino, zvese izvi zvinoitika, izvi . . . Zvino isu . . . Panguva iyo yatiri mairi zvino, zvese izvi zvinoitika kune . . . Ndezve maJudha; hazvinei nechekuita neChechi, zvachose. Chero chipi zvacho kubva pana Zvakazarurwa chitsauko 3, kusvika pana 19, hachina kana nechekuita neChechi. Haugone kuti zvibude nenzira kwayo. Izvozvo hazvitongoripo ipapo.

<sup>56</sup> Zvino ndinoda kutsanangura mawaniro andakaita izvi. Zvino, pabhodhi, vazhinji venyu muchaona kuti ndadhirowa, nguva dzakataramukana, kuti zvinouya sei mugwanza, kuitira kuti zvigone kuitwa kuti munhu wese anzwisise. Munokwanisa here . . . Hamugone kuzviona kubva kumashure, ndinofungidzira, zvinyorwa zvakanyanyisa kuita zvidiki. Uye zvinyorwa zvaBecky. Ndafunga . . . Uye, mufananidzo iwoyo, ndanga ndiine mumwe wakaipa kupfuura iwoyo. Asi, Becky akadhirowa iwoyo, uri wemufananidzo wechiroto chaNebhukadhinezari. Uye ndinofunga kuti wakanyanya kutaridzika semusikana, Becky, kupfuura zvaungaita murume. Asi, zvisinei, zvicha—zvichapa ruzivo rwacho, rwatiri kuda.

<sup>57</sup> Zvino, kana tikaverenga muBhaibheri kuti pane mavhiki makumi manomwe akatemerwa pavanhu, zvino, iwo . . . haanei nechekuita neChechi. Mavhiki makumi manomwe haanei nechekuita nechechi. Kana mukacherechedza pano, pachati, ndine zera rechechi pakati pemavhiki makumi manomwe iwayo.

<sup>58</sup> Tinazvo neche pano apa. Imwe hama zasi kuGeorgia yakatidhirowera kuno, patakapfuura nemumazera echechi. Uye tine chokwadi chekuti tinogona kunzwisisa kuti izvi zvinorevei. Huchena uhwu muchechi pano, zvinoreva kuti yese yaive yechiapostora. Uye zvakare muzera rechechi rechipiri, vaiva nedzidziso yevaNikoraiti, kana kuti, vaiva nemabasa evaNikoraiti; akanga asati ava dzidziso. Zera rechechi rechitatu, akazova dzidziso. Uye muzera rechechi rechina, yakanga yaitwa sanganano, uye hwaive hutongi hwechiRoma hwanapapa. Zvino mu—muzera rechechi rechina, ndiwo aiva mazera erima.

Cherechedzai, rima rose riripo apo rinomiririra chiNikoraiti, kana chiRoma. Chikamu chichena chinomiririra Mweya



Uyo, waive pazuva ra 14 raKurume. Kana chero wenyu achida kuzvinyora pasi, muchiHebheru muchazviwana zvichinzi *N-i-s-a-n*, *Nisan*, zvinoreva kuti “Kurume.” Rairo yakapihwa pazuva rechi 14 raKurume, B.C. 445, rairo yakabuda yekunovaka, kuvaka patsva temberi. Munozvinzwisisa, sezvo imi vanhu makaverenga Magwaro. Kusvikira yapera, zvakatora makore makumi mana nemapfumbamwe kupedzisa temberi neguta, kurivakazve patsva. Zvino sekutaura kwakaita Bhaibheri pano, Dhanieri achitaura, kana kuti Mutumwa kuna Dhanieri, kuti:

...madziro *acho*, uye aizovakwa *mune nguva*  
dzematambudziko.

Uye vazhinji vedu tinorangarira, payakavakwa, vaive nechidhinja mune rwumwe ruoko uye nemunondo mune rwumwe, kuti vatarise muvengi. “Uye yaizovakwa munguva dzematambudziko.”

<sup>65</sup> Saka, hepanoi pandinoona izvozvo, ndichiwana mazuva angu. Zvino, tine makarenda maviri, matatu akasiyana. Tinodzokera pakarenda yekare yezvemuchadenga, uye tinoona kuti mukarenda raJulius mune mazuva mazana matatu, namakumi matanhatu nemashanu nechikamu chimwe kubva muzvina chezuva mugore. Ivo vanozviisa munguva nekupfuura kweSardisi nenyeredzi dzakasiyana-siyana, nezvimwe zvakadaro. Vakazviisa munguva. Zvino tinoona, mukarenda yeRoma yatiri kurarama pasi payo zvino, mazuva mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu pagore, nekarenda. Asi mukarenda reChikristu, kana rechiporofita, tinoona kuti kune mazuva mazana matatu nemakumi matanhatu chete pagore. Zvino, munogona kushamisika kuti nyonganyonga iyi yakauya sei.

<sup>66</sup> Zvino, izvi ndinogona kungotaura seni pachangu ndichitaura. Ndinotenda kuti kare-kare kuparadzwa nemvura kusati kwamboitika, kare mumazuva aJobho, nevamwe vakadaro, kuti vaichengeta nguva nenyeredzi. Uye tinonzwisisa, kana kuti kare nguva iyoyo isati yasvika, kuti nyika yaive yakamira zvakatwasuka. Zvino ipapo muchivi chemunhu, kuparadzwa kwenyika, zvino yakarereka uye mafashama akauya, nokudaro tine mirwi mikuru yechando, nezvimwe zvakadaro, uye kumusoro kwese nekuzasi kwenyika kuzere nechando. Tinoviziva izvozvo. Uye nyika haina kumira yakatwasuka. Yakamira yakarereka. Zvakaisunungutsa kubva paive nemwedzi nenyeredzi, zvavakange vakatarisa, ndokubva zvaendawo pamwe. Kana kuti—kana kuti, wakanga usingachakwanise kuchengeta nguva nazvo zvachose, nekuti yakamira yakarereka, yakasendamira kumashure. Naizvozvo, zvaisazorova nyeredzi idzodzo panguva imwe chete, nekuti zva—zvakabuda mugwara kunyeredzi idzodzo. Munonzwisisa? Ndinotenda kuti ndizvo zvacho.

<sup>67</sup> Zvakarara kumashure muchinhanho ichocho. Uye zvinoratidza chete kuti chino chingori chikamu chenguva. Hamusi kuona here? Mwari havana zvinhu zvakabuda mugwara. Vari kungozvisiya zvichimhanya saizvozvo kwechinguva chidiki. Uye ndinotenda zvechokwadi kuti chinhu ichocho chakaitwa.

Uye pamazuva ano ekupedzisira ndipo apo Mwari pavanozarura zvakavanzika izvi kuChechi. Havana kumbozviita kumashure. Uye chikonzero chaVasina kuzviita, kuita kuti Chechi igare ichirinda nekunamata nguva dzese, isingazive kuti zvaiuya riinhi. Asi munorangarira, muna Dhanieri 12, Akati, “Vakachenjera vachanzwisisa pakupedzisira, muzuva rino rekupedzisira.” Maona? Zvakapihwa kwaari.

<sup>68</sup> Mweya wehuchenjeri unouya muChechi, kuzozivisa kuChechi, nechizaruro cheMweya Mutsvene, uchiunza Chechi mukati nekuzarura kuti izuva ripi ratiri kurarama mariri. Sezvakangoita Gabrieri akauya kuna—kuna Dhanieri, Mweya Mutsvene unouya kuChechi mumazuva ekupedzisira, kuzozarura zvinhu izvi zvikuru, zvakadzama, zvakavanzika. Munonzwisisa here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>69</sup> Zvino, izvozvo zvinobvisa gore iroro rezvemuchadenga kana kuti gore rechiJulian, karenda, munoona, gore remasonic, nekuti nyika yakarereka. Tese tinozviziva izvozvo, kubva pakudzidza kuchikoro. Uye yakabuda mugwara, naizvozvo idzo, nyeredzi idzodzo, hadzizopfuura nemumutsara wenyika panguva imwe chete. Nokudaro, karenda rechiRoma rinoreva zvisizvo, zvakare, nekuti haugone kuisa mazuva pamwe chete. Pane zvinhu zvakangowanda zvandaigona kutaura pano chaipo. Izvo zvatinoona, kunyangwe nezvisikwa pachazvo, zvinotidzidzisa kuti kune mazuva makumi matatu chete chaiwo mugore.

<sup>70</sup> Zvino, ngatitorei Zvakazarurwa uko kwatinofanira kunge tichienda kuno mumazuva evaporofita vaviri. Bhaibheri rakati, “Vakaporofita mazuva chiuru chinemazana maviri nemakumi matanhatu.” Zvino, tora karenda yezvemuchadenga, yaizozvipotsa nepakuru kwazvo pakuve makore matatu nehafu. Uye ukatora karenda yechiRoma yatinayo nhasi, inozozvipotsa nepakuru kwazvo. Asi ukatora karenda yechiporofita, zvino pane chaiwo mazuva chiuru chinemazana maviri nemakumi matanhatu, mumazuva makumi matatu pamwedzi. Maona?

<sup>71</sup> Tine mazuva makumi matatu mune mimwe mwedzi, makumi matatu nerimwe mamwe anotevera, makumi maviri nemasere mune mamwe. Munoona, tese takavhiringidzika. Asi Mwari havana zvakaita madira-tivhange, nyonga-nyonga, mvengemvenge. Vanozvirova chaipo pachu zvimwe chete. Hongu, changamire. Chaizvo zvakafanana, mazuva makumi matatu pamwedzi; kwete makumi matatu nerimwe, kwozoti makumi matatu, chimwewo chinhu. Maona? Asi izvozvo zvese zvakaitwa muhupfumi hukuru hwaMwari, kuitira kuti Chechi

irambe yakarinda pamwe nekunamata, wakagadzirira, nguwo dzako dzakasukwa muRopa reGwayana. Asi, oo, mumazuva ano ekupedzisira, Vakavimbisa! Uh-huh. Zvino tinoona kwatiri kurarama. Zvino, rangarirai, chinangwa, chinangwa chega, ndeche kuita izvi.

<sup>72</sup> Zvino, kana paive nemanomwe...Tarisai, pane mazuva makumi mana nemapfumbamwe akakwana...Makore makumi mana nemapfumbamwe, waro, munguva yekuvakwa kwetemberi. Iwo manomwe, mavhiki manomwe echiporofita, mavhiki manomwe, nekuti pane mavhiki manomwe akatemerwa kutemberi, kuvaka temberi patsva. Uye yakavakwa mumakore makumi mana nemapfumbamwe chaiwo. Zvino tave nezvinoziva nguva yemavhiki, nekuti kana Bhaibheri rakati, Ngirozi yakati, zvakatora mavhiki manomwe kusvikira pakuvakwa kwetemberi. Uye aive makore makumi mana nemapfumbamwe chaiwo kuvaka temberi, kubva—kubva muna Kurume 14 kusvika B.C. 5—538. Kusvika temberi yadzoreredzwa zvakare, uye migwagwa yadzoreredzwa, makore makumi mana nemapfumbamwe chaiwo. Saka, chii chatinowana? Chii chatinowana? Nekuti, kana mavhiki manomwe achireva makore makumi mana nemapfumbamwe, saka vhiki rimwe rinoenzana nemakore manomwe. Uye kanomwe kakapetwa kanomwe ndiwo makumi mana nemapfumbamwe. Ndizvoizvo chaizvo. Hezvoka izvo.

<sup>73</sup> Saka zvino hapachisina zvekufungidzira nezvazvo. Tinoziva zvino kuti vhiki rega-rega raireva makore manomwe. Mazvibata here? Ngatizvitaurei pamwe chete: “Vhiki rimwe rinoenzana nemakore manomwe.” Zvino tinoziva kuti tazvibata. Vhiki rimwe rinoenzana nemakore manomwe.

<sup>74</sup> Hepano patiri pano chaipo, vhiki rekutanga. [Hama Branham vanonongedzera kumuenzaniso wepabhodhi—Mupepeti] Makore makumi mana nemapfumbamwe kusvika pakuvakwa zvakare kwetemberi. Zvino, mutsara uyu wepamusoro apa unomiririra nyika yemaJudha painenge ichiyambuka. Uyu unongori nguva. Uye paunodzika zasi pano apa, unodzika uchibva murudzi rwemaJudha, uchipinda munguva yeMarudzi. Wobva wakwira zvakare wobata Israeri, woenderera mberi.

<sup>75</sup> Zvino, Marudzi havana kutarirwa chero imwe nguva. Zvakangonzi, “Nguva yeMarudzi.” Uye tinoona kuti, kunyangwe Jesu haana kuvatsaurira nguva. Nokuti tinoona pano, muna Ruka 21:24, Akati, “Vachatsika-tsika masvingo eJerusarema kusvikira Murudzi...” Regai ndinokore izvoizvo. Ndiri kuzvinokora nemusoro chete. Regai ndizviverenge, nekuti zvichange zviri patepi pano, uye tinoda kuve nechokwadi chekuti tazvitora chaizvoizvo. Zvakanaka, kana muchida kuvhura pamwe neni kwazviri, pana Mutsvene Ruka



21:24. Ndakanzvera izvi zvakajeka, nekukwanisisa kwese kwandaigona.

Zvino vachauraiwa nemunondo, uye vachaendwa navo *vatapwa* . . .

Ari kutaura pamusoro paani? MaJudha. Ndiko kwaiva kuparadzwa kwetemberi, muna A.D. 70.

. . . uye vachaendwa navo senhapwa *kumarudzi ose*: . . .

Zvino rangarirai, kwete zasi kuBhabhironi chete, kwete mhiri kuRoma chete, asi “kundudzi dzose.” Ndiko kune muJudha nhasi, “ndudzi dzose.”

. . . uye *Jerusarema richatsikwa*-tsikwa neMarudzi, *kusvikira nguva* yeMarudzi yazadziswa.

<sup>76</sup> Zvino, pane nguva yakatarwa, asi hapana anoziva kuti ichave riinhi. Maona? Ichakavanzika, munoono, inguva yeMarudzi. Asi, maJudha . . . Zvino, hatigone kuziva nguva neizvo Chechi, kuti Yakadzokera kumashure here kana kuti Iri kupfuurira mberi here, kana zvaIri kuita. Haugone kuziva neizvozvo. Asi, tarisai kumaJudha, heyo karenda yenguva. Munozviona here? Mwari vakavatarira chaizvo zuva, awa, nenguva, asi haVana kumbodaro Marudzi. Vakadaro maJudha, saka regai titarise maJudha, zvino tinozoono patiri.

<sup>77</sup> Zvino, zvino, mavhiki manomwe aive makore makumi mana nemapfumbamwe. Tazvibata zvakajeka zvino, kuti vhiki rimwe ndiro—vhiki rimwe ndiro makore manomwe; vhiki rimwe chete, makore manomwe.

<sup>78</sup> Zvino tinoudzwa, “Kubva pakutemwa kwemurairo . . .” Zvino, apa ndipo pakauya dambudziko. Zvino tinoudzwa:

. . . *kubva pakutemwa kwemurairo kunovakazve guta kusvika kuna Mesiya (uye Mesiya aive Kristu, ndizvozvo) achava mavhiki manomwe, uye vhiki dzinamakumi matanhatu nembiri: (zvichiaita mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe) . . .*

Maona? Zvakanaka. Uye kanomwe kakapetwa makumi matanhatu nemapfumbamwe kunoita makore mazana mana nemakumi masere nematatu. Zvino, muri kuzvinyora pasi? Kana muchida kuti ndizvidzokorore zvakare, ndichafara kuzviita.

<sup>79</sup> Zvino tinoudzwa, “Kubva pakutemwa kwemurairo kunovakazve guta, kusvika kuna Mesiya, achava manomwe,” (manomwe, ndiwo ekutanga—kutanga, pano chaipo) “mavhiki manomwe, nemakumi matanhatu nemaviri,” moita, makumi matanhatu nemaviri pamwe nemanomwe anova makumi matanhatu nemapfumbamwe, mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe. Kanomwe kakapetwa makumi matanhatu nemapfumbamwe kunoita makore mazana mana nemakumi masere nematatu. Naizvozvo, kusvikira kuna Mesiya . . . Zvino

tava kuuya kuchikamu ichi *pano*. Kusvika kuna Mesiya, panofanira kuve nemakore mazana mana nemakumi masere nematatu, makore mazana mana nemakumi masere nematatu.

<sup>80</sup> Zvino, zvino, Jesu, Mesia, akatasva achipinda muguta reJerusarema, mukukunda, ari kumusana kwenyurusi jena, paSvondo yeMichindwe, Kubvumbi 2, A.D. 30. Jesu akatasva achipinda muJerusarema nemusi weSvondo yeMichindwe, A.D. 30. Uye zvino, zvino, kubva B.C. 445 kusvika A.D. 30, makore mazana mana nemakumi manomwe nemashanu chaiwo.

<sup>81</sup> Asi, sekuona kwatatoita, kuti mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe anoita makore mazana mana nemakumi masere nematatu. Zvino, ndipo panouya dambudziko, ipapo chaipo. Maona? Tine chete, kutarwa kweBhaibheri pano, nguva, makore mazana mana nemakumi manomwe nemashanu chete. Uye, chaizvoizvo, makore mazana mana nemakumi masere nematatu, musiyano wemakore masere.

<sup>82</sup> Zvino, Mwari havagone kuzviita kuti zvipotse. Kana Vakataura kuti aiva mazuva akawanda zvakadai, anenge ari mazuva akawanda zvakadaro. Kana Vakati akawanda zvakadai, anenge akawanda zvakadaro. Saka tichaitei? Zvino, B.C. 475 kusvika A.D. 30, makore eJulian kana ekunzvera zvemuchadenga, anova mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu nechikamu chimwe kubva muzvina chezuva mune—mune rimwe nerimwe. Asi kana tikakamura mazuva iwayo kukarenda yedu yechiporofita . . .

<sup>83</sup> Zvino regai ndimire pano kwechinguvana. Kutu mukwanise kuziva zvisina kana mumvuri mumwe wekupokana, Ini handaitora nzvimbo imwe chete iyoyo. Ndinogona kuzvitora zvichipfuura nemuMagwaro ese nekukuratidzai kuti mazuva manomwe ndiwo nomwe yacho, vhiki rimwe ma—makore manomwe, muBhaibheri. Ndichangozviita kuno uku, muna Zvakazarurwa chitsauko 13, kana kuti chitsauko 11 uye ndima 3. Vaporofita ivavo vachaporofita mazuva churu chinemazana maviri nemakumi matatu, panova pari pakati pevhiki rekupedzisira remaJudha, ipapo vanobva vagurwa zvino Amagedhoni inotanga. Zvino kana zviri izvo, hezvoka izvo zvakare, mazuva makumi matatu chaiwo mumwedzi. Maona? Zvino, iwo—iwo haasi mazuva makumi matatu nerimwe nemazuva makumi maviri nemasere, nemamwe akadaro. Mazuva makumi matatu chaiwo mumwedzi, nguva dzose.

<sup>84</sup> Karenda yedu yechiporofita inotisvitsa kumazuva mazana matatu nemakumi matanhatu, sekushandisa kwatava kuita zvino muMagwaro. Tine mazana mana nemakumi masere nematatu. Hezvoka izvo, mazana mana nemakumi masere nematatu. Pano tine humbowo chaihwo hwechiporofita, chokwadi chaicho. Nekuti, kubva panguva yekuenda kunovaka temberi, kusvika pakuparadzwa, pavakaramba Kristu uye

vakaMuuraya muna A.D. 33, pakauraiwa Kristu, makore mazana mana nemakumi masere nematatu chaiwo.

Zvino, kubva pakutemwa kwemurairo wekunovakazve Jerusarema, kwakatemerwa mavhiki manomwe, aireva makore makumi mana nemapfumbamwe. Uye makore makumi mana nemapfumbamwe akananga nemo-nemo. Saka, kubva pakuvakwazve kwetemberi kusvika kuna Mesiya, aive makore mazana mana nemakumi matatu nemasere. Saka, mazana mana nemata-...makore mazana mana nemakumi matatu nemana. Uye mazana makumi mana nemakumi matatu nemana (nguva), makumi mana nemapfumbamwe, anoita makore mazana mana nemakumi masere nematatu chaiwo. Zvanyatorova panhongonya chaipo, nemazvo kusvika pazuva racho, kubva pazuva nezuva. Amen! Hezvoka izvo.

<sup>85</sup> “Mesiya Muchinda achauya.” Maona? Kanomwe kakapetwa makumi matanhatu nemapfumbamwe kanova mazana mana nenhat-...ne—nemakore makumi masere nemana. Chaizvoizvo, zvakanoyatorova panhongonya chaipo. Saka, zvino, tinoziva zvakakwana, tinoziva chaizvo, kuti Rugwaro irworwo nderwe chokwadi. Hezvino izvi. Asi, munoono, zvese izvi. . .

<sup>86</sup> Mwari pavakave nenyika isati yaparadzwa nemvura uye vakaiparadza nemvura, uye vakashandura zuva rezvemuchadenga; uye zvakare vakarega maRoma vachipinda ndokugadzira karenda yavo, iyo inonanga nekucharika, nezvimwe zvakadaro. Uye ndinofungidzira, kuti, kunyangwe muenisaikoropidhiya mandaiverenga. . .

<sup>87</sup> Nhai, gara zviya, Hama Kenny Collins, vari muchivakwa mangwanani ano here, Kenneth Collins? Munoziva pamakanditumira maenisaikoropidhiya aya akawanda? Munozvirangarira here? Makanditumira ikoko anenge rori rese rawo. Ndakafunga, “Chii chaizvo chingaitwe nemudzidzi mutsva akaita seni neose iwayo?” Unoziva, Ishe vaikutungamira, Kenny. Ndimu mandakawana ruzivo, kubva muenisaikoropidhiya imomo chaimo rakare, “nguva,” zvino ndakanga ndichinzvera. Uye Becky anoashandisa kuchikoro kwake. Ndakaatora mukamuri yangu yekuverengera, zasi mukamuri yangu yekudekara. Zvino takaenda zasi ikoko ndokunoritora, uye ipapo takaritarisa, uye tikariwana, chaizvoizvo, kupfuura nemumakarenda ese nenguva dzakambovepo. Maona? Saka, tazviwana.

<sup>88</sup> Hapo pazviri, chaizvoizvo, makore mazana mana nemakumi masere nematatu. Kubva pakutemwa kwemurairo wekudzoreredza—wekudzoreredza chivakwa, kusvikira nguva yeMuchinda Mesiya akarambwa, inoita chaizvoizvo makore mazana mana nemakumi masere nematatu, nekarenda.

<sup>89</sup> Zvino munoono, isu tichishandisa iyo karenda imwe cheteyo iko kuno chaiko. Nekuti, kana Mwari vakashandisa karenda

iyoyi pano, saka Vanofanira kuishandisa nguva dzese kudarika nemuBhaibheri. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mwari havashanduke. Saka, kana mavhiki manomwe aive makore makumi mana nemapfumbamwe, mavhiki manomwe zvakare makore makumi mana nemapfumbamwe. Vhiki rimwe makore manomwe, munoona, saka zvinozviita zvakakwana. Uye kana zvakarova ipapo pachochaipo, zvinorova ipapo pachochaipo. Ameni! Oo, ini zvangu! Zvinondipa manyakunyuku. Oo, ndi—ndi—ndinoda, ndinoda kuziva zvandiri kutaura nezvazvo. Ndi—ndi—ndinozvida.

Nekuti, sekutaura kwakaita muchinda mutana, zasi uko kuKentucky, kwandiri, akati, “Ndinoda kunzwa mumwe munhu achitaura, anoziva zvaari kutaura nezvazvo.”

Ndikati, “Ndinodarowo, zvakare.”

Akati, “Ndiro dambudziko nemi vaparidzi, hamuzive zvamuri kutaura nezvazvo.”

<sup>90</sup> “Saka,” Ndakati, “Ndinoyemura kutaura kwenyu kwakanaka, asi pane zvimwe zvinhu zvatinoziva zvatiri kutaura nezvazvo.” Uh-huh. Ndizvozvo. Ndinoziva kuti ndakazvarwa patsva. Ndinoziva kuti ndakapfuura kubva kurufu kuenda kuHupenyu. Ndinoziva kuti kuna Mwari, nekuti ndakataura naVo.

Ndakava naVo vachitaura nemandiri, nekutaura neni, uye nekutaura nevamwe, uye nekundiudza nezve vamwe. Uye ndinoziva kuti iVo ndiMwari. Ndizvozvo chaizvo. Vakanga vakanaka kwazvo zvekudzika zasi nekunditendera kuti nditorwe mufananidzo wangu naVo, apo nyika yezvesainzi haikwanise kuzviramba. Zvino ndakavhura kuRugwaro ndikaona kuti ndizvo chaizvoizvo zvokuzadzisa zera rino rechechi, chaizvoizvo zvinoitika, kuitira kuti ndizive kuti tiri pano. Ameni.

<sup>91</sup> Zvino, tinogona kunge tisina kudzidza. Tinogona kunge tisiri vanhu vanoshamisira, nezvinhu zvakadaro. Tinogona kusave varemekedzwa, asi tinoziva Mwari. TinoVaziva nekuti kune Mweya Mutsvene, munoona, uye unozanisa neShoko-neShoko kuburikidza neRugwaro, zvino tinoziva kuti ichokwadi. Tiri kurarama mumazuva ekupedzisira.

<sup>92</sup> Zvino, ipapo, rangarirai zvino, kuti, gore rechiporofita iri, remazuva mazana matatu nemakumi matanhatu pagore. Tarisai pane zvimwe zvese. Zvisikwa, kana vamwe venyu vanhu muchigona kunzwisisa, kunyangwe kumadzimai, vamwe vakadaro. Maona? Makumi matatu, mazuva makumi matatu, chingozvionai—zviri. . . Zvese zvisikwa zvakagadzirwa saizvozvo. Maona? Kwete makumi matatu nerimwe, makumi matatu, makumi maviri nemasere, kana chimwe chinhu. Mazuva makumi matatu chaiwo. Kune gore rega-rega, ndiyo

karenda yechiporofita, mazuva mazana mana nemakumi masere nematatu chaiwo.

<sup>93</sup> Pano tine humbowo chaihwo hwechiporofita, makore mazana mana ne—nemakumi mana nemashanu, zvisati zvaitika, zvaive zviri izvo chaizvo. Zvino, zvese izvozvo zvakaporofitwa kuti zviitike. Uye mavhiki makumi manomwe iwayo haana kumboitika ipapo, saka akasiirwa mazuva ekupedzisira zvino.

<sup>94</sup> Zvino, hama dzangu dzechiPentekosti, zvino, hama dzangu dzeJehovah Witness, munocherechedza here? Munoziva here kwakaonekwa zviuru zana zvinemakumi mana nezvina? Munoziva here kwakaonekwa minana mikuru yesere yemuna Zvakazarurwa? Ikoko muzera rechiJudha, kwete mune redu. Hapana chakanyorwa mariri, Chechi bedzi ichigadzirira nekubuda. Chokwadi, nesimba raMwari, tinoita minana nemabasa makuru. Tinozviziva. Asi chinhu chaicho chaive neche kuno kumaJudha; Ndiri kureva, chairi, simba rinoshanda, rinoshanda minana. Vana . . .

<sup>95</sup> Zviuru zana zvinemakumi mana nezvina hazvioneke ipapo. Vari uko . . . Havaoneke muchitsauko 3. Ivo vari neche uko muMagwaro, ari mberi. Uye zvino tinoona kuti zvinhu zvose izvi zvaizoitika, zvaiva munguva ino yevhiki rechimakumi manomwe, vhiki rekupedzisira. Zvino, kana vakatova nechekare mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe, uye vakaarama chaizvo nenzira yakanzi naMwari vakaita, uye zvikaaitika chaizvo nenzira iyo Mwari vakati vaizoitika, zvino pane rimwezve vhiki rakavimbiswa kumaJudha. Zvino, hama, chingogadzirirai. Maona? Maona? Teerera kuti tava pedyo zvakadini. Vhiki rekupedzisira, nomwe, gore rechinomwe.

<sup>96</sup> Zvino, munhu wese anonzwisisa here kusvika pano, kana muchidaro? Munhu wese anonzwisisa kusvika apa, kuti iChokwadi chakakwana. IBhaibheri. Makore echiporofita.

<sup>97</sup> Zvino tauya kumusoro, uye tavasvitsa kumusoro kuno pakuramba Mesiya, munooona, kubva ku . . . kusvika pakurambwa kwaMesiya, vhiki rekupedzisira.

<sup>98</sup> Zvino, ndinoda kumira pano chaipo kwechinguvana uye nditsanangure izvi. Kuti, pavakaramba Mesiya, ndipo apo ivo, ndizvo, pavakaramba Jesu seMuponesi, ndokuMuroverera. Rangarirai kuno uku zvakataurwa neBhaibheri, “Uye Achagurwa, asi kwete nekuda kwaKe, Mesiya, Muchinda.” Zvino chimbofungai kuti chiporofita ichocho chakarova nepedyo zvakadini. Ndinoda kuti izvi zvinyatsorovedzerwa mamuri. Kuti, kana chiporofita ichocho chakarova chaizvo kusvika pamusi wacho, chaizvo kusvika panguva yacho, uye chaizvo nenzira yazvakati zvaizoitika, iyi mimwe minomwe, iyi imwe mavhiki manomwe asara, rimwe remakore manomwe, waro, (mazuva manomwe: makore manomwe), zvicharova ipo pachu chaipo maererano neRugwaro.

<sup>99</sup> Zvino rangarirai, Akagurwa, Mesiya. MaJudha, Mwari vakamira kushanda navo. Havana kumwe kumberi kwavakaenda. Ndokubva vaparadzirwa neHumambo hwechiRoma. Uye, zvakare, kana mukacherechedza pachati yangu pano, ndinoda kuti mugozvibata izvi zvino uye nekuzvidhirowa. Munocherechedza here pano pandakaisa muchinjikwa? Ndipo pavakaramba. Asi nguva yakatambanuka kunze zvisroma-shoma chete kumberi pane izvozvo, munoono. Sei? Makumi matatu, makumi mana, makumi mashanu, makumi matanhatu, makumi manomwe. Makore makumi mana gare-gare, Tito, mukuru wemauto echiRoma, akaparadza Israeri, Jerusarema, ndokuparadzira vanhu kune pasi rose. Munoono, Tito, makore makumi mana gare-gare. Saka, chaizvoizvo, nguva yemaJudha yakawedzera kusvika pakuzara . . .

<sup>100</sup> Mwari vakanga vasiri kushanda navo. Vakangoshanda navo kusvika varamba Kristu. Zvino pavakaroverera Kristu, vakadanidzira, “Ropa raKe ngarive pamusoro pedu nevana vedu,” uye rakaramba riri ipapo kubvira ipapo. Asi vasati vaparadzirwa . . . Teereri! Oo, hama! Vasati vaparadzirwa kune pasi rose, zvikatorera Mwari makore angangosvika makumi mana kuparadza temberi nekuvaparadzira pasi rose. Asi Mwari vakatadza kushanda navo zvekare. Mwari vakatadza kushanda navo zvekare.

Vakaenda kunoshanda neMarudzi. Munozviziva izvozvo, mazvinzwisisa here zvino? Zvino, pano tinotanga mumazera echechi, nguva yeMarudzi, Mwari vari kure nemaJudha.

<sup>101</sup> Zvino, hama yangu mumishinari, zvaiva ku—ku—kumaJudha, imwe hama inokosha inodikanwa pano pane imwe nzvimbo. Hepanoi pandiri kuda kuti mubate uye munzwisise. Munoono, Mwari vakarega kushanda nemaJudha ipapo chaipo, nekuti Mwari vanogara vachishanda neIsraeri serudzi. Tose tinozviziva kuti Israeri rudzi. Marudzi vanhu, uye Vaifanira kutore vanhu kubva kuMarudzi, kuitira Zita raVo. Tichasvika kune izvozvo mumaminitisi mashoma.

<sup>102</sup> Asi zvino, mumazera manomwe echechi aya atakapfuura nemaari, munguva yeMarudzi, kubva pakurovererwa kwaKristu kusvika pakupera kwemazera echechi. Zvino tazvibata. Tanga tiri kupfuura nemazviri, kwese kuzasi. Zvino tava kusvika panzvimbo yatinogona kurova izvi, topinda muZvisimbiso Zvinomwe, Ndiro Nomwe dzematenda, Hwamanda Nomwe, nezvose izvozvo, uye tozvfananidzira pamwe chete; zvese zvichishanda nemaJudha, uye nemutongo waMwari kuvanhu vari panyika. Uye vakasara . . .

<sup>103</sup> Rangarirai, munguva huru iyi yekutambudzwa, kune mamiriyoni eMarudzi achafira imomo. Mwenga uya wakarambwa, ivavo—ivavo vakasara vembeu yemudzimai, mhandara yakarara, inopinda ichipfuura nemo. Zviri—

zvinongori pachena semakumi manomwe aya emavhiki; zvinongova pachena. Zvino vachapfuura nemazviri. Saka, kana usina Mweya Mutsvene, zviri nani usvike paUri nekukurumidza kwaungagone. Tave panguva yekuguma.

<sup>104</sup> Zvino cherechedzai, mazera manomwe echechi. Zvino, handisi kuzopfuura nemaari, nekuti tinawo patepi, uye ari kuiswa mumabhuku nezvose. Iyoyo, ndiyo yaive nguva isina kumbobvira yataurwa naMwari kuti kuchave nemazuva akawanda kudai, maawa akawanda kudai, kana makore akawanda kudai; HaVana kana chavakambotaura. Vakati, “Kusvikira nguva yeMarudzi yapera.” Vakati, “Kusvikira!” Masvingo achatsikwa-tsikwa kusvikira Mwari varega kushanda neMarudzi.

<sup>105</sup> Zvino, tinoona, kuti kudzika nemumazera aya, takava neMweya Mutsvene uchipinda. Uye zvakare Mwari, kumashure pamavambo, vakatanga kutaura ipapo, pakurambwa kwaKristu, Mwari vakaratidza Johane chaizvo zvaizoitika panguva yekutonga kweMarudzi. Zvino, munoono, hatina chero nguva yakatarwa, semaJudha, asi tine chiratidzo. Tine chi—tine chinongedzo. Saka, Mwari vakaita nemaJudha chaizvoizvo zvaVakati Vaizaita mumakore makumi matanhatu nemapfumbamwe iwayo, kana, aive makore mazana mana nemakumi masere nematatu, asi mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe. Uye vhiki rimwe rasara, vhiki rimwe richiri rakatarwa.

<sup>106</sup> Zvino, hatikwanise kuriisa mukati *umu*, nekuti aya Marudzi, Chechi. Zvino, vangani vanozvinzwisisa izvoizvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, izvi ndiZvakazarurwa, kutanga nechitsauko 1, kusvikira chitsauko 3 zvinotisvitsa kuRaodhikia. Zvino, tinoona chaizvoizvo kuti zvose zvaive Chechi sei, nyika yeChechi pachayo. Mwari havana kumbobvira vasanganisira mutadzi, akango...kunze kwekunge achida kuponeswa. Asi, nyika yeChechi yaive iri chena yese; ndokuzouya vaNikoraiti vaida kuumba sangano. Vanoremekedzwa vakapinda mairi. Apa paive paNicaea, Rome, pavakava neKanzuru yeNicaea. Zvino vakaitei? Vakaita chechi sangano, vachibva vatanga kutambudza aive Mukristu. Zvino, muzera rechechi raitevera, zvapakotsa, Chikristu, munzira yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, chabviswa chose.

<sup>107</sup> Asizve, kuti imi vanhu muzive, kuti ndakadzokera ndokutora nhoroondo, ye*Nicene Fathers*, uye ne*Pre-Nicene Fathers*, uye nenhoroondo dzese dzechechi, uye nechinyorwa chekaresa chandakakwanisa kuwana, uye chimwe nechimwe chazvo chakaraidza kwamuri kuti Chechi yaitaurwa nezvayo naMwari yakanga isiri chechi yeKatorike yakaitwa sangano kana rimwewo sangano. Mwari vaitaura pamusoro, uye nenyeredzi huru dzose dziya dzezera, dzaive varume vakadzidzisa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene,

rubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, uye kuuya kweMweya waMwari, ne—nekutaura nendimi, nekududzirwa kwendimi, uye nekupodza, nezvishamiso, nezviratidzo. Ndizvo zvinogoverwa naMwari. HaVagoni kushandura pfungwa yaVo, voti, “Saka, iyi ndiyo pfungwa yaNgu yeChechi, Chechi yechiapostora; zvino pfungwa yaNgu ndeye chechi inoremekedzwa.” Mwari haVashanduki! Uchiri Mweya Mutsvene.

<sup>108</sup> Uye tinotarisa nekuzviunza, ipapo, kana tichiona hunhu hwaMwari uye zvaVaka. . . uye ipapo toburitsa Rugwaro rwaVo. Uyezve totora nho—nhoroondo inozviratidza zvakarova ipo pacho chaipo; chaizvo kusvika pazuva, kusvika panguva, kusvika kune zvese zvakataurwa naMwari kuburikidza naJohane, zvaizoitika, zvakaitika kuzera iroro reMarudzi.

<sup>109</sup> Zvino, tinozviwana, pasina kana nemumvuri wekupokana, tiri muZera reRaodhikia. Tinoziva kuti tiri. Takapfuura nemuZera rechiLutherani; takapfuura nemuzera reHwisiri; zvino tava muZera reRaodhikia, zera rekupedzisira. Uye tinoona kuti imwe neimwe yemachechi aya yaive nemutumwa. Tinozviona izvozvo. Nyeredzi nomwe muruoko rwaVo, yaive Mweya Minomwe yakaenda kumberi kwaMwari. Mumwe nemumwe waive nemutumwa. Zvino takadzika zasi zvino ndokuona, neBhaibheri, kuti hunhu hwemutumwa iyeye hwaizova hwakaita sei, hunhui uhwo mutumwa iyeye hwaazova ari. Zvino takatora murume wacho munhoroondo aive nehunhu ihwohwo. Uye zvakare patinoona murume iyeye munhoroondo, aive nehunhu ihwohwo, takasvika pakuona kuti ndiye aiva mutumwa kuzera rechechi iroro. Zvino tinoona kuti Mweya upi, uye kuti murume iyeye akaitei. Uye ndokuona kuti aive mutsvene akazadzwa neMweya Mutsvene, Mutsvene Irenaeus, nevamwe vese vaya, na—naMutsvene Columba, nevarume vese ivavo vakazadzwa neMweya. Uye tinozviziva, neRugwaro, kuti mhando iyoyo yeMweya waifanira kunge uri pamhando yemurume iyeye kuitira nguva imwe chete iyoyo. Izvoka izvo, saka hazvigone kuve zvisiri izvo. Amen! Kubwinya kuna Mwari! Zvingori. . .

<sup>110</sup> Handizivi, hama. Izvi zvinoita kwandiri zvakanyanya kupfuura chero chinhu chandinoziva nezvacho, munoona, nekuti iShoko raMwari richitaura pachaRo. Pandinonzwa Mwari vachitaura chimwe chinhu, ndinoti, “Ameni! Ichokwadi. Ndizvozvo.” Maona? Zvatoringana. Zvese zvatopera. “Mwari vataura kudaro.” Izvozvo, zvinozviita.

Saka, Mwari vakati zvichaitika nenzira iyoyo, uye takazviwana munhoroondo uye neRugwaro. Takaverenga nezvezera rino rechechi, zvarazoita, zvaizoitika, kuti yaiva mhando yemutumwa yakaita sei kuzera iroro rechechi. “Ku—kumutumwa wechechi yeRaodhikia. Kumutumwa wechechi yeSardisi, Tiatira,” ese akasiyana-siyana aya. Uye tinodzokera munhoroondo uye towana mu—mutumwa wechechi iyoyo, uye



takaona kuti aive ani. Saka zvino takazvidhirohwa, ndokuisa mazita avo pasi pawo, zvino hapo pavari. Munoono, tinoziva kuti zvakarova ipo pachu chaipo.

<sup>111</sup> Zvino, uye tinoziva kuti Mwari vaivapo, nguva dzose vaivapo, uye vakagara varipo, uye vachipesana nechinamoto chakaitwa sangano. Hongu, changamire. Vakazvitaure. “Vanikoraiti, vaNdinovenga!” *Nickao* zvinoreva “kukunda ungoro.” *Laity* ndiyo, ungoro yevanhu, “ichechi, mutumbi.” *Nickao* zvinoreva “kukunda, kukurira,” nemamwe mashoko, “kuita munhu mutsvene, mumwe munhu pamusoro pemumwe.”

Tose tiri vana. Tina Mambo mumwe chete, anova Mwari. Tine Uyo Mutsvene mumwe chete, uye ndiMwari. Ameni! Uye Vari pakati pedu, muchimiro cheMweya Mutsvene. Ndiye Uyo Mutsvene.

<sup>112</sup> Zvino, tinodzika zasi kusvikira tanyatsova nechokwadi chekuti kuuya tichipfuura nemu—muzera remaJudha Tine mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe iwayo chaiwo, kubudikidza nenhoroondo, nekarenda, kubudikidza negore raMwari rechiporofita, kuunza nhoroondo yekarenda yechiporofita, kubva kuTestamende Yekare kuenda kune Itsva, uye nokuratidza kuti zvakafanana chaizvoizvo. Maona?

Zvino tine chechi yeMarudzi kubva pakutanga, kudzika zasi kuzuva rekupedzisira, uye tinoziva kuti tiri kurarama muzuva rekupedzisira. [Hama Branham vakagogodza papurupiti kakawanda—Mupepeti] Ameni! Manzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”]...?.?.[Hama Branham vanogogodza papurupiti kamwe chete.] Zvino, saka, kana tiri kurarama muzuva rino rekupedzisira, kumagumo kwezera rino, saka tiri papi?

<sup>113</sup> Cherechedzai, kumashure-shure kuno, munoono mutsetse uyu wakatarwa kumashure mukati *umu*, uko Mwari vakashanda nemaJudha...Kana kuti, havana kumbobvira vakashanda nemaJudha, zvakaVatorera nguva yakareba kuti vavatore. ZvakaVatorera makore makumi mana kuvapinza muchinano uko kwaVaigona kuvaita kuti vaparadzwe, kumarudzi ose. Kwese hako, mumazuva eMarudzi, Vaifanira kuvaisa muchinano vasati Vaita kuti Shoko raVo riitike. Munoono zvandiri kureva? [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti] Vose vanozvinnzwisisa, itai, “Ameni!” [“Ameni!”] Munoono, ndinoda kuva nechokwadi kuti munozvibata.

<sup>114</sup> Zvino chii chaitika? Tarisai neche kumusoro kwepamusoro pezera rino rechechi rekupedzisira. Muri kuona here kakuwedzerwa kadiki aka? Mazuva eMarudzi ave kupera. Uye kwemakore makumi mana apfuura, maJudha vanga vachidzokera kuJerusarema, vachidzokera kumusha kwavo. Hareruya! Munoono here patiri? Zvakatora makore makumi mana, kubva pakagurwa kwaMesiya, kusvika Tito aparadza temberi nekuparadzira maJudha. Ave mamwe makore

makumi mana ayo Mwari vakaomesa moyo wemhando dzese dzavanaFarao munzvimbo dziri kwese-kwese, ndokudzosera maJudha kumusha kwavo. Asi nhasi vadzokera kumusha kwavo zvakare, uye Chechi yave kumagumo. Amen! Oo, ndi—ndi—ndiri kungoedza kuverenga; handisi kukwanisa.

<sup>115</sup> Cherechedzai, maJudha vari kumusha kwavo, uye vange vachidzokera. Kana mukawana *Kupera KweHondo Yepasi Rose*, bhuku rechipiri, apo Mukuru wehondo Allenby, mushure meHondo Yepasi Rose Yekutanga, akabhururuka nepamusoro peJerusarema ndokuitapa, uye ndokutora Jerusarema. Zvino varume vava Makristu vakafora vachipinda muJerusarema vakabvisa ngowani dzavo. Zvino Allenby akasarenda asina kana kumboridza pfuti, kana kuti—kana kuti, vakasarenda kuna Allenby, maTurks. Uye kubvira ipapo, Mwari vakaomesa moyo waMussolini, moyo waHitler, moyo waStalin, moyo yevarume kwese-kwese munyika, vachivenga muJudha iyeye.

<sup>116</sup> Uyewo shiri huru kwazvo dzakadzika pasi, dzaidaidzwa kunzi Eastern Airlines, kana kuti, Pan American Airlines, kana, chero zvadzaive, ndinotenda kuti yainzi TWA, zvakanga zviri mu—mumagazini, magazini *reLife*, ndinotenda kuti raiva iro, *Look* kana *Life*, ndinotenda kuti raive *Life*, iwo bedzi makore matatu kana mana apfuura, zvino Mwari vanga vachimhanysa maJudha kudzokera kumusha kwavo, uko kwavakange vasiko kwezviuru zviviri zvevakore, apo Marudzi vaigadzirira. Zvino Marudzi vakaisa Kristu kunze kwechechi, maringe naZvakazarurwa chitsauko 3. Haakwanisi kana kudzoka muchechi yaKe. Hakuna nzvimbo yekuti Aende. Akarambwa.

<sup>117</sup> Zvino inguva yeKubvutwa. Vose vadzikinurwa nekwese *kuno*, madoo madiki aya akadai, ndiko kukwira kumusoro kwevatsvene murumuko. Munoono, tese tinosangana *pano* apa chaipo pamwe chete. Bhaibheri rakati, “Isu vari vapenyu uye vakasara kusvika pakuuya kwaShe hatizodziviriri kana kudzivisa avo vakarara.” Nzira yose kubva *apa, apa, neapa*.

<sup>118</sup> Chirudzii, hama yechiPentekosti, ko ungavaise sei kwese-kwese kuno muZera reChechi yeRaodhikia?

Vaka—vakarara, kudarika nemune rimwe nerimwe remazera aya, vakamirira. “Zvino isu vari vapenyu, boka diki rakasara neche kuno, vakasara vari vapenyu kusvika. . . Kuuya kwaShe havadzivise avo vakarara; nekuti hwamanda yaMwari icharira, uye vakafa muna Kristu vachamuka kutanga; uye tichabvutwa pamwe chete navo,” ameni, “pamwe navo,” *hepanoi* patiri, tichisangana *pano* chaipo, “kuenda kunosangana naShe muchadenga.” Uye hezvoka izvo. Tiri papi? *Pano* chaipo. Mesiya akagurirwa papi? Chaipo pakataurwa neShoko. Ko vhiki iroro rechimakumi manomwe richatangira papi? Chaipo apo mushure mekunge Chechi iyi yagurwa. Ipapo Mwari vanobva vadzokera kumaJudha.

119 Hamurangariri here? Ndipo apo Chechi ichangoenda. Chechi inoenda, zvino maJudha anobva abata, vopinda. Asi, kutanga, chinhu chinotevera muhurongwa, harwusi rumutsiriro rwunesimba rwenyika yese—nyika yese pakati peMarudzi. Chinhu chinotevera muhurongwa, kuuya kweHumambo hwaMwari, Kuuya kwaKristu.

120 Zvino, kana manga muchida, tinogona kudzokera pano zvino kuna Dhanieri chitsauko 2, ndima 34 nendima 35. Uye Dhanieri paakapihwa . . . Chitsauko 2, 34 ne35, apo Dhanieri ainge apihwa chiratidzo chekuti mazuva evanhu vake aive apera, uye kwenguva yakati, uye akaona veMarudzi vachipinda, uye akaona chiratidzo chedombo guru iri pano, kana kuti, mufananidzo uyu mukuru kwazvo, waive nemusoro wendarama, nechipfuva chesirivheri (Zvino tarisai, inowedzera kuoma, sirivheri kundarama.), tevere zvidya zvesimbi, kana kuti, zvidya zvendarira, uye zvakare tsoka nemakumbo zvesimbi, asi zvigunwe, zvaive zvigunwe gumi, uye zvigunwe izvozvo zvaive simbi nevhu, uye akati, “Nekuda kwekuti waona kuti simbi haingatombovhengani nevhu, humambo uhu hwakaparadzana hauzovhengani humwe nehume, asi huchavhenganisa mbeu dzahwo pamwe chete, vachiedza kutyora simba rehumwe.” Maona?

121 Zvino, chii chakaitika, musoro wendarama waive Nebhukadhinezari, izvo zvaakadudzira. Akati, “Mumwe mambo achauya uye agova akaderera kwauri,” uyo aive Dhariasi, wavaMedhi nevaPeresia, achitora humambo hweMarudzi. Tevere kwakapinda, mumashure mevaMedhi nevaPeresia, vaive chii? MaGiriki, Alexander Mukuru-mukuru, nevamwe vakadaro; maGiriki vakatora humambo ihwohwo. Zvino chii chakahutora kubva kumaGiriki? VaRoma. Uye ndiani akatonga nyika yeMarudzi kubvira ipapo? VaRoma! VaRoma, zvino, ndivo vaive simbi.

122 Zvino cherechedzai, Roma iripo kusvika kumagumo, nekuti yakasvika kwekupedzisira kwezvigunwe. Uye akaona dhaka, ivhu; uye ndivo vanhu, zvatakagadzirwa nazvo. Uye simbi, simba reRoma, rinomhanya mune imwe neimwe yenyika idzodzo. Uye Roma ine simba munyika yoga-yoga iri pasi peDenga.

123 Pane murume mumwe chete panyika anogona kumisa hondo kana kutanga hondo, pasina . . . nekutaura shoko rimwe chete. Ndiye papa. Ko kana akati, “Hakuna muKatorike anobata chombo chekurwisa.” Zvatopera, hama, taura hako chero chaunoda. Chikamu chikuru chenyika, yeChikristu, chiKatorike. Maona? Zvakanaka. Regai ataure shoko rimwe chete, ndizvo zvazviri.

124 Sekutaura kwavakaita neche kuno uku, “Ndiani . . .” Tichapinda mazviri gare-gare. “Ndiani anogona kuita hondo nechikara? Ndiani anogona kutaura saiye? Ndiani

anogona kuzviita? Saka, ngatiitei mufananidzo kune chikara.” Ndiwo mubatanidzwa wemachechi, “kugadzira mufananidzo wakafanana nacho.” Maona? Kubatanidza masangano pamwe chete, izvo zvavakatogara vaita. Oo, tangova kumagumo. Ndzivo zvoga zviripo kwazviri, shamwari. Tava kuno kumagumo. Maona? “Ngatiitei mufananidzo kuchikara,” chimwe chinhu chakaita saicho. Mufananidzo chimwe chinhu chinotaridzika sechimwe chinhu. Maona? Zvino tave panguva yekupedzisira.

<sup>125</sup> Zvino cherechedzai muno umu, pakupera kwezera rino. Zvino, Dhanieri, muchitsauko 2, uye ndima—ndima 34 ne 35, akatarisa mufananidzo uyu nekuudzamisa pfungwa kukuru. Zvino akautarisa kusvikira Dombo rachekwa kubva pagomo, pasina maoko, zvino Rakakunguruka zasi ndokurova mufananidzo mutsoka, ndokuupwanya. Zvino, haRina kumbobvira rakaurova mumusoro, zvino. Rakaurova kutsoka; ndiyo yaive nguva yekuguma, zvigunwe zviya zvinegumi.

<sup>126</sup> Macherechedza here, pano chaipo, VaEisenhower vasati vabuda, muProtestanti wekupedzisira we...weAmerica, mumu—muMutungamiriri wenyika, izvo zvandisina chokwadi nazvo kuti pachave nemumwezve. Asi—asi apo...kungozviratidza kuti, kungoti vanhu vapepuke. Paakasangana, paive...Musangano wekupedzisira uyo (ivo) waakasangana neRussia, paive nenyika shanu dzekuMabvazuva dzechikoministi dzaimiririrwa, nyika shanu dzeKumadokero. VaKhrushchev vaive mutungamiri wenyika dzekuMabvazuva. VaEisenhower vaive mutungamiri wenyika dzeKumadokero. Uye Khrushchev, sekunzwisisa kwangu uye nekuudzwa, kuti mumutauro weRussia, *Khrushchev* zvinoreva “ivhu.” Uye *Eisenhower* zvinoreva “simbi,” muChirungu. Heyo simbi yenyu nevhu, hazvivhengane. Zvino akabvisa shangu yake ndokurova panomirwa pacho nayo, nezvimwe zvese. Hazvivhengane.

<sup>127</sup> Asi maiva mumazuva ehumambo uhwu apo Ibwe, Dombo rakachekwa kubva mugomo, pasina maoko, rakarova mufananidzo mutsoka. Zvino, “Rakachekwa kubva pagomo.” Raifanira kunge raiva gomo redombo. Rakachekwa kubva pagomo redombo. Zvino, macherechedza here?

<sup>128</sup> Zvino, vashumiri hama, uye nehama nehanzvadzi, pasi rose. Pane kunzwisisa kwangu, Bhaibheri rekutanga rakanyorwa, Mwari vakarinyorwa muchadenga, nekuti vanofanirwa kutarisa kumusoro voona kuti kuna mwa—Mwari Kudenga, Mwari ivavo vari pamusoro pavo. Uye kana mukacherechedza mune hurongwa hwenyeredzi... Zvino pasave nemumwe wenyu imi vanhu anoenda... Garai chaizvo neBhaibheri iri pano. Maona? Asi, hu—hurongwa hwenyeredzi, hunotanga pekutanga mune hurongwa hwenyeredzi, sekunzwisisa kwangu, imhandara; chekupedzisira munhamba yehurongwa hwenyeredzi ndiLeo Shumba. Ndiko Kuuya kwekutanga kwaKristu, kuburikidza nemhandara; Kuuya kwechipiri, iShumba yerudzi rwaJudha.

Maona? Ndokubva tava nezera rekenza, uye, zvakare, tichidzika nemuhurongwa hwenyeredzi.

<sup>129</sup> Zvino, tinoona kuti paiva nerimwezve rakanyorwa, kana rimwe rakaiswa, uye ndiwo aiva mapiramidhi. Makacherechedza here mumapiramidhi, kuti akatanga sei, akapamhama kuzasi, kunge gomo, akagadzirwa nedombo rakasimba, akakwira kumusoro chaiko kusvikira asvika kumusoro? Asi hapana kumbobvira pakava nechiruvi chakaiswa papiramidhi, piramidhi guru iroro muEgipita. Bvisa yako...Kana uine dhora rebepa muhomwe yako, buditsa redhora rebepa uye utarise pariri. Zvino uchaona pano chisimbiso cheAmerica kune rimwe divi, uye kune rimwe divi racho kune, pazasi, piramidhi. Uye pamusoro pepiramidhi, dombo repachiruvi, asi iziso guru kwazvo. Uye rinonzi, pazasi pepiramidhi iri, “Chisimbiso chikuru.” Sei chapungu chemuAmerica chisiri chisimbiso chikuru? Ichocho chisimbiso chaMwari. Rangarirai, taimboimba rwiyo rwudiki:

Pose uri munzira yekuenda kuhugaro  
hwechokwadi hwemweya,  
Pane Ziso rakakutarisa;  
Nhanho yese yaunotora, Ziso guru iri  
rakapepuka,  
Pane Ziso rakakutarisa.

Ndizvozvo chaizvo. Munorangarira, pataimbova nejubheri diki—diki? Taiti:

Kana ukaba uye uchibiridzira nekunyepa, uye  
muchechi uchipupura,  
Kune Ziso rakakutarisa.

<sup>130</sup> Zvino, chisimbiso chikuru. Zvino, tinoziva, uye handizvinzwisise, kuyerwa kwepiramidhi. Asi ndanga ndichingokuudzai imi vanhu pakupedzisira, mune dzimwe dzedzidziso idzi dziri kuuya, kuitira kuti mugoona zvese zvichienderera mberi, pamwe chete.

<sup>131</sup> Zvino, piramidhi rakatanga, kumiririra Chechi, rakafara kuzasi. Zvino richisvika peoyo nekumusoro, rinotanga kuwedzera kupinda muchimiro che—chefanera.

<sup>132</sup> Zvino, tinoona kuti, rinosvika kumusoro kunhongonya chaiyo yekumusoro, uye havana kumbobvira vakaripedza. Sei? Sei? Handizive kuti sei! Nekuti Bhaibheri rakati Dombo repamusoro rakarambwa. Vakarambwa.

<sup>133</sup> Zvino tarisai, zera rekereke...Nyatsoteererai zvino. Musapotsa izvi. Zera rechechi rakauya kubva pakutanga kweKuvandudza, Luther, kumashure munguva iyo kwakaiswa matombo enheyo, inova dzidziso yevaapostori. Zvino tinozoono, nguva padzaiifamba, kubva muzera rimwe kuenda kune rimwe, Chechi yakawedzera kuva vashoma nguva dzose, kusvikira yapfuura se...Luther akaparidza kururamiswa.

Zvino, kungova, kupupura kuva Mukristu, vaikuuraya, mazuva ekufira chitendero, vakafira chitendero.

<sup>134</sup> Zvino tinoona kuti, mumazuva aWesley, waive uri muumburuki mutsvene kana waipupura Kristu panguya iyoyo, Methodisti itsva iya. Vanhu vakabuda kuno pakauya Wesley kuno, naAsbury, vakaita misangano muno muAmerica, ndichiverenga nhoroondo dzavo, uko kwavaive nayo mudzimba dzepachikoro. Machechi avo ekuno aisavada. Zvino pakupedzisira vakasvika panzvimbo pokuti kusvikira Mweya Mutsvene waidonhera pamusoro pavo, zvino vaiwira pasi, zvino vaidira mvura pavari, vachivapumha mhepo nefeni, vachifunga kuti vaive vafenda. Uye ndakanga ndiri mumisangano yavo chaimo pachangu, mumakore angu makumi mashanu. Uye ndakavaona vachiwira pasi pesimba reMweya Mutsvene saizvozvo, zvino vaikanda mvura kumeso kwavo, nezvose, maMethodisti ekare akasununguka, makore mazhinji akapfuura. Kwaiva kutambudzwa.

<sup>135</sup> Zvino, ipapo, mushure mekunge zera iroro rapfuura, zera raWesley, kwakauya zera ePentekosti nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Munoono, muri kuumbika, nguva dzose. Zvino rangarirai, Dombo iroro rechiruvi rakanga risati rava pairi. [Hama Branham vakanyora chimwe chinhu pabhodhi ndokurirova nechoko kaviri—Mupepeti] Sei? Vakaumba Chechi chaizvoizvo, kana kuti piramidhi muchimiro chinokwana Dombo repamusoro, asi Dombo rechiruvi harina kumbobvira rauya. Oo, muri kuona pandiri, hamudaro here!

<sup>136</sup> Zvino, shumiro kubva pana Luther kusvika pakupera kwePentekosti, mune vashoma-shoma ivavo kumusoro kuno. . . Ndicho chikonzero Chiedza chinoda kupotsa chadzima, muzera rino, ipapo pakarenda, pachati. Izera repentekosti, chipentekosti; kwete—kwete masangano echiPentekosti, nekuti vakaita chaizvoizvo seRaodhikia. Ndeve muRaodhikia. Vakaita sevaNikoraiti, vakaita sangano.

Asi Chechi yechokwadi, pasi rese, yakasvika pachimiro chekuti pauya shumiro pakati paYo, chaizvoizvo sezvakangoita shumiro yaJesu Kristu. Zvino chii chavainacho? Vakaisa chinhu muchinhano chakafanira. Zvino ndechipi chinhu chinotevera? Dombo rakarambwa iri, repiramidhi, rakachekwa kubva pagomo (pasina chii?) pasina maoko. Mwari vakaRitumira. Muri kuzviona here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uyo Wakarambwa, Dombo rakarambwa, ndiro musoro weIyi; ndiro musoro, dombo repachiruvi. Uye Iye wacho wavakaramba, kupfuura nemuzera reMarudzi, ndiKristu. Uye Kristu haana kuchekwa akaiswa imo muno semumiriri, kana mwanakomana waMwari, kana mumwe muremekedzwa mukuru muchechi. Ndiye Mweya Mutsvene. Uye chiruvi chepiramidhi achange ari Kristu ari kuuya. Muri kuzviona here? [“Ameni.”]

<sup>137</sup> Zvino, nekuti ivo vari muchinhano chacho, (Munoona kwandakawana ichi chakaumbwa pano sepiramidhi, kumuka kwevatsvene?) kunoita kuti vafore vachipinda muKubwinya. Mazvinzwisisa here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Kristu, Dombo repamusoro, Dombo rakarambwa, Ziso rinoona zvese, achiuya chaizvo sezvakataurwa neBhaibheri. Zvino Dhanieri akati akatarisa zera rino reMarudzi kusvikira Dombo rakabuda kubwa mugomo, rakanga risina kuchekwa nemaoko. Havana kumbobvira vakaisa dombo repachiruvi papiramidhi iyoyo. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kaviri.] Harina kuchekwa nemaoko emunhu. Ruoko rwaMwari rwakacheka Dombo racho. Munozviona here? [“Ameni.”] Zvino Rakaiti? Rakarova chimufananidzo ipapo chaipo patsoka, ndokuchityora kuita zvidimbu-zvidimbu, ndokuchikuya kuita hupfu. Hareruya! Chii chakaitika panguva iyoyo, kuuya kweDombo? [Hama Branham vanogogodza papurupiti kana.] Chechi yakakwira ikaenda muKubwinya, paKubvutwa, nekuti zvakapedza mwaka weMarudzi. Mwari vakaugumisa, kuuya kweDombo iroro.

<sup>138</sup> Paimbove nevamwe vanhu vaiuya pano pachechi, mumwe murume mudiki nemudzimai wake. Vaitora Bhaibheri voRigadzika pasi pane imwe nzvimbo; zvino vaienda vachifamba, vachiimba:

Oo, ndiri kutsvaga Dombo riya raikunguruka  
muBhabhironi,  
Raikunguruka muBhabhironi . . .  
(Vachitenderera, vachiritsvaga, munoona.)  
Kutsvaga Dombo riya rakauya richikunguruka  
muBhabhironi.

<sup>139</sup> Hapo paAri! Kristu ndiye Dombo racho. Haana kuzvarwa nemunhu. Akazvarwa naMwari. Ari kuuyira Chechi yakazvarwa patsva zvakare, neMweya waMwari, nekuti simba reDombo repamusoro iroro rinomhanya rose nemuChechi, semagineti.

<sup>140</sup> Ndinorangarira pamusoro pekuva ndiri kumusoro kuno, ndichitarisa muchina uya onogaya simbi nguva iyo, apo pavaigadzira zvinhu zvese izvi. Zvino zvimedu zvese zviya zvainge zvakarara ipapo, zvino vakazvitsvaira. Dombo guru iroro rakauya nepo ndokuzvinhonga, iro dombo guru riya remagineti, ndokuzvinhonga zvose nekuti zvaive zvakange zvichikweverwa kwariri.

Tinofanira kukweverwa kuDombo repamusoro iroro. Dombo repamusoro iroro ndiwo Mweya Mutsvene, Kristu. Uye mumwe nemumwe wedu ane kudhonza ikoko kweMweya Mutsvene. Kana Dombo iroro rorova mufananidzo, Chechi ichatizira kwaRiri, ichidzokera muKubwinya. Ichatorwa ichikwira kumusoro, muKubvutwa kwevatsvene, paNoenda muzuva iroro.

<sup>141</sup> Zvino, tarisai pano. Tinoona kuti, maJudha vanga vachidzokera zvino, kwemakore anenge makumi mana, ingangoita nguva imwe chete yavakatora kuti vamhanyire kusvika pakuparadzwa kwetemberi. Zvavatorera makore anenge makumi mana kuti vadzoke, kusvikira vavaka zvakare imwe temberi. Munoono, tave pamagumo enzira chaipo. Saka, kana Marudzi . . .

<sup>142</sup> Zvino ngatitorei . . . Tinoona Chechi, kuuya kweDombo. Ngatitorei zera rekupedzisira. Takapfuura nemo. Tinoona zvino. Ndinotenda kuti ndine zvimwe zvinyorwa pano pamusoro pazvo. Regai tione, mirai zvishoma. “Zvino muchinda achazouya, anova antikristu, achaita sungano nemaJudha.” Uye muna Dhanieri 7 . . . kana—kana 9:27. “Uye pakati pevhiki, makore matatu nehafu, chikara chichaita sungano yacho . . .” Ndi—ndinoda kusvika kune izvozvo, pamberi apo zvishoma, sungano iyoyo. Tinoda kusiya . . . Ndinoda kutangira pano chaipo.

<sup>143</sup> Rimwe nerimwe remazera eMarudzi aya rinoratidzwa zvisina kukanganisa nezve mutumwa waro, wemharidzo, uye nezvaizoitika.

Zera iri *apa* raive zera rakabwinyiswa.

Zera rinotevera, rakati paizove nedzidziso inonzi, kana kuti chimwe chinhu chakauya, chinonzi, “zvi—zvirevo zvevaNikoraiti.”

Zvino ndokuzouya, chinhu chinotevera, kune dzidziso.

Zvino kwozouya, muchato we . . . kucheche yechiNikoraiti, nekutambudzwa kwevatsvene. Zvinhu zvese zvakaitika nenzira yakangadaro.

Tinouya kune chinotevera, Chiedza chishoma-shoma ndokutanga. “Une simba shoma, uye une zita rekuti unorarama, asi wakafa. Simbisa izvo zvaunazvo kare, kuti ndirege kuuya, kuzobvisa chigadziko chemwenje.”

<sup>144</sup> Ndokubva kwauya Wesley, shure kwaizvozvo, nezera rake. Takaona chaizvo izvo . . . zera raWesley, raidaidzwa kuti chii? Firadherfia. Zera—zera gurusu rerudo rwatati tambove narwo, chizvarwa cheFiradherfia, chaive chaimo munguva yaJohn Wesley.

Paakabuda, kwakabva kwauya Pentekosti, zvino yaive ichidziya.

Zvino tinodzokera kunoona kuti imhandoi yeMharidzo yaizouya kumaPentekosti, kumagumo.

Rangarirai, mumwe nemumwe anouya kumagumo ezera. Mutsvene Pauro akauya kumagumo. Vamwe vese vakauya zasi kumagumo, Mutsvene Irenaeus nevamwe vese. Zera remumwe rinopfuurira richipinda mune remumwe, rakadarikira, zvino akaritora ndokupfuurira kune zera rinotevera naro. Maona?



<sup>145</sup> Zvino, tinoona kuti, muzera iri, pane nyeredzi, seyatinayo apo. Tine nyeredzi, mutumwa. Tine munhu, mha—Mharidzo inoenda kuzera; vanhu vanoIramba; vanhu vanoIgamuchira. Zvino mutumwa wezera rino aifanira kuuya musimba raEria. Ndizvozvo chaizvo. Uye aifanira ku “Dzoredza Kutenda kwevana kuchidzokera kumadzibaba, ounza vakasara vepentekosti, vakasara, vachidzokera paKutenda kwechokwadi kwevaapostora.”

<sup>146</sup> Zvino, Kutenda kwechokwadi kwevaapostora, kana muchizoKuverenga muBhuku raMabasa, muchaona kuti hakuna kana nguva imwe chete zvayo munhu mumwe akambobhabhatidzwa, “zita ra ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’” Hapana kana mumwe wavo akambobvira asaswa mvura. Pakanga pasina chimwe chezvinhu izvi zvatinaizvo zviri kuitika nhasi, zvinonzi Pentekosti, zvakambobvira zvaitika kumashure uko. Vaive nekuratidzwa kwechokwadi, neMweya waMwari pakati pavo, uyo pasina kukundika akanga ari Mwanakomana waMwari aishanda navo.

Munhu uyu aifanira kuzouya, Mharidzo iyi, waro, yaifanira kuzouya, yaifanira kunge yakaita saEria. Eria aifanira kuuya katatu.

Zvino unotaura, kuti, “Johane Mubhabhatidzi ndiye aive muchinda wacho.” Kana mukacherechedza, Jesu akati aive Johane Mubhabhatidzi aive mutumwa waMaraki 3, kwete Maraki 4. “Tarira, ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu.” Ndinofunga Mateo 11:6, zasi chaiko mukati imomo muchazviwana, Mateo chitsauko 11.

<sup>147</sup> Zvino, asi mumazuva ano ekupedzisira, kuchauya Mweya waEria pakati pevanhu, uye ari kuzoita zvimwe chete zvavakaita kumashure uko. Hunhu hwake hunenge huri chinhu chimwe chete, hunhu hweChechi. Hunhu hwemu—munhu hunozova chinhu chimwe chete chaicho. Uye Mharidzo iyoyo ichibuda, kuedza. . . Anozovengwa, nevanhu. Anenge achivenga vakadzi, vane hunhu hwakaipa, zvisinei, avo vakaipa. Anoda renje; ane chinyamusi, muchinda anogara akatsamwa nguva dzese, sezvaiva zviri Eria, uye sezvaiva zviri Johane. Uye takaona zvinhu zvese izvi zvichiitika. Kana takava neMharidzo, tinoona Kristu achirambwa. Unofanirwa kuve uri werimwe remasangano aya kana kuti haugone kupinda mavari. Saka, Iye, Akakandirwa kunze. Maona? Kristu haagoni kushanda pakati pavo.

“Uri chii?”

“Mukristu.”

“Uri wesangano ripi?”

“Handizi wechero ripi zvaro.”

“Hatigone kukushandisa.”



uye tichaMutenda.” MaJudha anogara achitenda...Vanoziva kuti Mesiya aizova Muporofita.

<sup>153</sup> Zvino pandakamira kunze uko kwaHama Arganbright musi iwoyo, panzvimbo yacho, uye maJudha iwayo akamira ipapo, vakati, “Chingouyai kunzvimbo yokwedu, kuvanhu vedu.”

<sup>154</sup> Ndikati, “Chokwadi, ndichafara kuuya.” Ndakangoita sarudzo, nekukurumidzisa.

<sup>155</sup> Ndakasvika kuCairo, Egypt. Humwe husiku, pandakaona ndege iya ichidzika zasi ikoko kuCairo, zvakandirangaridza. Saka patakadzokera ikoko, uye ndaive netikiti rangu rekuenda kumusoro kuIsrael, vakanga vari kuzosangana neni. Ndakati, “Endai, munounganidza zviuru zvishoma zvevatungamiriri. Vaunzei kunze nendege pane imwe nzvimbo, tichaona kuti Achiri Muporofita here kana kuti kwete. Amen. Zvakanaka, ngationei zvaAchaita.” Oo, zvaingova mumaoko avo chaimo. Ndizvo zvavaida. Dai vaigona kuzviona, vaizvitenda.

<sup>156</sup> Saka ndakaitei? Ndakasvika zasi uko kuCairo, zvino ndakatanga kuenda kumusoro ikoko. Ndatova netikiti rangu; maminiti angangoita makumi maviri kusvika panguva yekudanwa. Chimwe chinhu chakati, “Kwete zvino. Mukombe wekusarurama, weMarudzi, hausati wazara. WemaAmori hausati wambozadziswa. Garira kure naikoko!” Ndakafunga kuti pamwe ndangozvifungidzira, zvino ndakabuda ndokuenda kuseri kwechivakwa chinochengeterwa ndege ndikanamata. Ndokuti, “Garira kure naikoko zvino.” Ndokubva ndatora tikiti rangu ndokuenda kune imwewo nzvimbo. Handina kuenda, nekuti nguva haisati yakwana.

<sup>157</sup> Zvino, kuti inguvai iyo Mwari vachapa kumaJudha iwayo, kutanga kushanda navo zvakare, handikwanise kukuudzai. Handizivi. Hapana anozviziva izvozvo. Asi, teererai, kana Israeri yatove kumusha kwayo, zvese zvagadzirira. Matombo ese akanhongwa, uye kudiridza, mvura, nezvose zvakavimbiswa naMwari. Vakawana matsime nezvinhu ipapo, nenzizi huru dzakavhurika, iyoyo ndiyo nzvimbo yakanyanya kunakisa yamakamboona. Vane guta rakavakwa ipapo. Vane zvokudiridzisa. Vane ivhu rakanakisa kwazvo riripo pasi rose, ikoko. Uye tinoona kuti, muGungwa Rakafa imomo, mune mishonga inodarika pakuwanda, inokwana, kutengazve pasi rose. Maona?

<sup>158</sup> Zvinhu zvese zvakawira mumaoko avo chaimo. Vakazviita sei? Nekuti moyo waHitler wakaomeswa, moyo waMussolini wakaomeswa, semoyo waFarao wakaomeswa, uye ndokuvatinhira munyika iyoyo. Zvino kwemakore makumi mana vanga vari kudzokera munyika iyoyo. Zvino hapo pavaakagara, vakamirira.

<sup>159</sup> Chechi yeMarudzi iri muRaodhikia, kumagumo kweZera reRaodhikia. Kana...MaJudha ari kumusha kwavo, vatoveko

kare. Uye kutsauka pachitendero kweMarudzi kwakatoitika kare. Uye tine Mutungamiriri wenyika sewatinaye. Tine nyika yakapamuka seyatinayo. Tine mabhomba eatomiki akarembedzwa muzvivakwa zvendege. Tine chechi iri kudziya. Tine Chechi, vanhu, vanozviswededza pamwe chete. Tine shumiro inofananidzira shumiro yaJesu Kristu, yekuti ibate Dombo paRinouya. Chii chasara kuiitika? Zvinogona kunge zviri chero miniti. Hapana chimwe chinhu chasarazve. Tave panguva yekuguma. Oo, kubwinya! Handizive kuti ndichakwanisa kupinda mujubheri iroro here, kana kwete, asi ndinongoda—ndinoda kuunza chikamu chayozvamaruri, zvakadaro.

<sup>160</sup> Teererai. Itai. . . Vangani vanogona kuona zvino? Munoono here apo Rugwaro rwunoratidza kuti mavhiki makumi manomwe aive makore makumi mana nemapfumbamwe? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munoono here kuti mavhiki makumi matanhatu nemaviri aive makore mazana mana nemakumi matatu nemana? [“Ameni.”] Munoono apo ma—mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe ipapo aiva—aiva—aiva. . . Aiva chii? Mazana masere uye. . . Makore mazana mana ne—nemakumi masere nematatu. Makore mazana mana nemakumi masere nematatu kusvika panguva ino. Munoono pakagurirwa Muchinda? Munoono, uri kutora makore makumi mana kuti maJudha iwayo azopedzisira apinda munzvimbo yavo, yakataurwa naMwari.

<sup>161</sup> Tarisai kuno uko zera reMarudzi rakapinda nemune zvose zvatakati raizoita; uko, kwete *isu* zvatakati raizoita; izvo zvakataurwa neBhaibheri kuti raizoita. Zvakataurwa neBhaibheri kuti raizoita, zvinodzika chaiko kuzera rino rekupedzisira; uye kwemakore makumi mana maJudha iwayo ange achidzokera muno umu, vachigadzirira kuti Mwari vaite chaizvo zvaVakaita apa. Vakabuda nenzira iyo, ndokuuya vachipinda nenzira iyo. Zvino Israeri yadzokera kumusha kwayo.

<sup>162</sup> Zvino, Mwari vachatanga riinhi vhiki ravo rekupedzisira? Riinhi? Anogona kuva ari nhasi. Anogona kuva zuva risati ravira manheru ano. Mwari vacharizivisa. Kutu ndiriinhi, handizive. Handisi kuziva. Asi ndichaunza chimwe chinhu pano, zvino, mumaminitsi mashoma, uye handizive kana muchazozvitenda kana kuti kwete. Asi ndi—ndi—ndinofanira kuzvitauro, zvakadaro, ndinotenda.

<sup>163</sup> Tiri kumusha. MaJudha vari kumusha. Tave kumagumo ezera, tagadzirira Kubvutwa. Kubvutwa kunouya, Chechi inokwira kumusoro, tinotakurwa kumusoro kunosangana naYe muchadenga. Tese tinozviziva izvozvo. Dombo rakachekwa kubva mugomo, ragadzirira kuuya chero panguva ipi zvayo. Zvino kana Rauya, Rinoitei? Rinogumisa zera reMarudzi. Zvese zvapera, zvino Mwari vanorega zvachose kushanda navo. “Regai uyo akasviba arambe akasviba; regai uyo ari mutsvene arambe

ari mutsvene.” Maona? Chii chaAnozobva aita? Anotora Chechi yaKe, yakazadzwa neMweya Mutsvene.

<sup>164</sup> Ndevapi “tsvina”? Ndiyo mhandara yakarara uye neavo vanouya kuzotongwa, neche kuno *uku*. Tichazviisa izvozvo pane imwe mepu, kana toenderera mberi neino, kwainouya kuChigaro Chichena Chekutongwa uye inofanira kutongwa nevakadzikinurwa. Pauro akatiudza kuti tisaendese nyaya kudare redzimhosva, nekuti vatsvene vachatonga nyika. Ndizvozvo chaizvo. Tave panguva yekuguma, *pano*, zvino. [Hama Branham vanoreva kune zvakadhirowewa pabhodhi ravo—Mupepeti] Zvakanaka.

<sup>165</sup> Zvino pakati pevhiki iri . . . Zvino, heano makumi manomwe. Zvino, kana aya chaizvoizvo anga ari makore manomwe, rimwe nerimwe remavhiki, uye tatova kare nemavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe, zvino tine zera reMarudzi, uye tinoziva kuti tave kumagumo kwezera reMarudzi, zvino kwasara rimwe vhiki rimwe chete kumaJudha. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino ndiwo makore manomwe chaiwo. Kana *aya* anga ari makore manomwe, *ayo* makore manomwe, nekuti Akati, “Pane mavhiki makumi manomwe akatemerwa kuvanhu vako.” Saka tinoziva kuti tine makore manomwe emaJudha. Ichokwadi here? [“Ameni.”] Zvino zvitarisei. Kana paine mubvunzo, ndinoda kuuziva. Maona?

<sup>166</sup> Zvino, uye pakati pevhiki, pakati pevhiki iri remaJudha; munoono, ndiwo makore—makore matatu nehafu; antikristu, muchinda, muchinda ari kuzouya. Uye rangarirai, anobuda kubva muRoma, muchinda wacho ari kuzouya. Iye chii? Ndi papa. Muchinda pakati pevanhu, ari kuzouya, pachasimuka Farao asingazive Josefa.

<sup>167</sup> Zvino, imi maProtestanti munoti, “Saka, zvino, ndizvozvo.” Asi mirai zvishoma. Tinoona kuti maProtestanti vane sangano, vanoita mubatanidzwa wemachechi, mufananidzo kuchikara, uye voenda pamwe navo.

<sup>168</sup> Uye tinoona pano kuti maJudha anodaidzwa mumubatanidzwa uyu, (hongu, changamire), uye vanobvuma. Uye Bhaibheri rakati vakadaro. Zvino anoita sungano navo.

Pakati pevhiki rechimakumi manomwe, anoputsa, antikristu anoputsa sungano yake nemaJudha, “vanhu vako.” Sei?

Uye tinoverenga muna Zvakazarurwa 11, kuti, “Ndichatumira . . .” Ndiyo 11. Uri kuuya wakananga kuna 19 zvino. Kuti Achatumira vaporofita vaKe vaviri, uye vachaporofita munguva iyoyo, uye zvakare vachatsamwira vaporofita ava nekutovauraya chaiko. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye zvitunha zvavo zvicharara munzira yemweya inonzi Sodhoma neGomora, uko Ishe vedu vakarovererwa, Jerusarema. Ndizvozvo here? [“Ameni.”] Uye vanorara ipapo kwemazuva matatu nehusiku. Zvino mushure

memazuva matatu nehusiku, mweya wehupenyu uchapinda mavari, uye vachamutswa voenda muKubwinya. Chikamu chegumi cheguta chakadonha panguva iyoyo. Ndizvozvo here? [“Ameni.”] Maona? Chii ichocho? Pakati peaya makore makumi manomwe ekupedzisira.

<sup>169</sup> Chechi painokwira kumusoro; ipapo mubatanidzwa, mhandara yakarara, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, nePentekosti inodziya, ivo vese pamwe chete nemubatanidzwa. Izvo, vatove nechirongwa chavo chikuru zvino. Uye pavanodaro, vanoita sungano. Uye, saka, zvino, papa uyu mutsva watinaye zvino anoda kuvapinza vese mukati. Hamusi kuona here chinhu chacho chiri kuungana chaiko? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndiri kuzotaura nezvazvo, nekuvapinza vese mukati, kekutanga kwemazana nemazana nemazana emakore; chiuru chemakore, kana zviviri, zvakamboitwa. Asi zvino ari kuzovapinza vese mukati, pamwe chete, oita mubatanidzwa, zvino imomo maJudha achazvigamuchira. Oo, ini zvangu! Kubwinya! Hareruya! Mwari vedu ngavarumbidzwe Avo vanorarama nekusingaperi-peri! Hezvoka izvo! Zvino, hama, zvingori zvakareruka, kureruka zvekuti kamwana kadiki kanogona kuzviona. Mubatanidzwa wekuunza maJudha, nemaProtestanti, nemaKatorike, pamwe chete.

Uye, rangarirai, chii chichaitwa nevaporofita vaviri ava kana vauya?

<sup>170</sup> Chikara ichi, muchinda uyu achaparadzira simba revanhu vatsvene, achaiti? Achaputsa sungano yake navo. Mushure memakore matatu nehafu, achavadzinga. Zvino, vanhu vanofunga kuti chikoministi. Ndezvekungoti nekuti iwe... Mweya waMwari hausati wati washanda newe. Hachisi chikoministi; chinamato. Bhaibheri rakati, “Zvinenge zviri pedyosa zvekuti zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo kana zvichibvira.” Jesu akataura kudaro. Munoono, tiri kwokupedzisira.

<sup>171</sup> Zvino, vaporofita vaviri ava, vachaiti? NdiMosesi naEria vachasimuka panzvimbo. Vachaudza maJudha iwayo kukanganisa kwavo. Uye kubva muboka remaJudha iroto ririko zvino, kuti kuzove nezviuru zana zvinemakumi mana nezvina, Mwari vachadana kuburikidza nevaporofita ava. Chii? Mweya waEria, wakabva muChechi iyi yeMarudzi, ucharamba uchingopfuurira mberi muchechi iyoyo yemaJudha, kupfuurira mukati chaiko wonodana; Mosesi pamwe naye. Hareruya! Munozviona here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye achaparidza mharidzo imwe chete yepentekosti, kumaJudha iwayo, kuti vakaramba Mesiya. [Hama Branham vanogogodza papurupiti katanhatu.] Ameni! Munozviona here? [“Ameni.”] Inenge iri mharidzo imwe chete yepentekosti, iyo maJudha aya achaparidza chaiko kwavari. Uye vachavenga maJudha iwayo zvakaipa kwazvo kusvikira vachavauraya.

Uye vaivengwa nenyika dzose. Uye pakati pevhiki, nekuti vakanga vasimudza zviuru zana zvinemakumi mana nezvina zvikuru, zvine simba. . . Vaive neMweya Mutsvene. Uye, hama, ungataura nezvekuita zvishamiso, vakazviita. “Vakamisa matenga, uye hakuna kunaya mumazuva echiporofita chavo; vakarova nyika nematenda, kakawanda sezvavaida.” Vanopa matenda nezvimwe zvinhu zvese. Vachapa vaRoma ivavo nzira yakaomarara yekufamba nayo. Asi, pakupedzisira, vachauraiwa. Mwari vedu ndiMwari vanotyisa kana Vatsamwiswa. Asi rangarirai, izvi zviri muvhiki rechimakumi manomwe, uye Chechi iri muKubwinya, (ameni), Mabiko eMuchato ari kuenderera mberi. Hongu!

<sup>172</sup> Zvino cherechedzai. Ndipo patinoIona ichidzoka kuTemberi yemuMireniyamu kuno uku pakupera kwezera remaJudha, “vazodziwa.” Heunoi Achiuya, akatasva bhiza jena; avo vaiMutevera, vari pamabhiza machena. *Bhiza*, “masimba.” Akapfeka zvichena; ropa. . . kana nguwo yakanyikwa muropa; paAri pakanyorwa kuti, “Shoko raMwari.” Anouya seMukundi ane simba, (hongu, changamire) kuti atange Mireniyamu, auye muTemberi. Kubwinya! Ipapo Anosangana nezviuru zana zvinemakumi mana nezvina izvozvo, zvino, mushure mevhiki rechimakumi manomwe iro ro pano.

<sup>173</sup> Vhiki rechimakumi manomwe, izvi zvinoitika munguva yevhiki rechimakumi manomwe. Mumatatu, pakati paro, anoiputsa, nekuti anouraya vaporofita vaviri ivavo vepentekosti (. . . changamire) vanorova nyika.

Uye, vakomana, Anotuka chechi iyoyo, uye Anoipisa nemoto. Uye, sei, iyo. . . Tinozviwana uko, kunyangwe vafambidzani nengarava vakamira panze, vakati, “Maiwee, maiwee, guta guru iro risingafi reRoma, rasvika kumagumo kwaro muawa imwe.” Rakaputitswa kuita zvimedu. Mwari vanoziva maitirwo ezvinhu. Zvino imwe yeNgirozi yakatarisa, ndokuti, “Handiti, ropa remunhu wese akafira Kristu rakawanikwa mariri,” nekunyengera kwaro, kubuda kunze kuno nekuita sangano, nekugadzira dzimwe mhando dzese idzi dzezvinhu, nekusvibisa chechi, ndokuunza zvinhu izvozvo imomo, ndokuuraya avo chaivo vakaedza kuZvitsigira uye ndokuyedza kuvaburitsa.

<sup>174</sup> Kubwinya! Oo, ini—ini handizivi. Ndi—ndi—ndiri kunzwa kuda kufambira mberi. Maona? Hamufare here nekuda kweChiedza cheMwanakomana, uchifamba muChiedza cheMwanakomana! Tiripi, hama? Panguva yekupedzisira! Zvinogona kuitika, chero nguva. Tasvika!

<sup>175</sup> Mha—Mharidzo yaenda kuchechechi yekupedzisira, chechi yakaramba Kristu wayo. MaJudha ari kumusha kwavo kwenguva inoita iyo, makore makumi mana. Guta idzva rakavakwa. Vari kutarisira chii? Mesiya anouya. Zvichava riinhi?

Handizivi. Kana Dombo iroro rarova mufananidzo *apa*, Aenda; zvese zvinobva zvapera ipapo.

<sup>176</sup> Zvino cherechedzai pano. Pakati pevhiki, mazuva matatu nehafu... makore matatu nehafu, waro, anoputsa sungano uye anokonzera chibayiro nechipiriso...chavachange vatomisa kare.

Nekuti, vanonyatsodzokera uye voti, “Zvino, tarisai, imi mose muri machechi. Munogona kugamuchirwa mumufananidzo uyu kune chikara. Tichava nekuyanana. Tichabvisa kominizimu. Tichangotsvaira kominizimu zvachose.” Maona? Uye vanogona kuzviita. Maona? Uye vachazviita.

<sup>177</sup> Asi zvino tarisai. Uye ndokumisa, uye ndokumisa izvi, kunamata kwezvava nezvava nekubaira zvichadzoka muguta kana temberi yavakwazve. Zvino muchinda uyu ari kuzouya pakati pevhiki iri, achaputsa sungano yake uye obva abvisa zvibayiro. Rakati, “Achaparadzira, achizviparadzira.” Uye zvaachaita, uye zvicharamba zvakadaro kusvikira kumagumo.

<sup>178</sup> Zvino cherechedzai:

...*kupararira kwechinyangadzo kuita dongo...*

“Kupararira kwechinyangadzo.” Chii chinonzi *chinyangadzo*? “Hutsvina.” Maona? “Kuita dongo,” chii ichocho? “Kubvisa.” Kupararira kweizvi, kubvisa izvo. Maona? Kupararira kwesimba rechiRoma, kukunda mhandara dzese dzakarara, maJudha nevose. “Tose tichava maRoma kana kuti hatizove chinhu.” Achaputsa sungano yake pakati pevhiki.

<sup>179</sup> “Kupararira kwechinyangadzo.” Kana chaive chinyangadzo munguva yaJesu, apo Roma yakauya ikoko nerunziro yayo yenhema, ichava Roma zvakare, ichave chinyangadzo zvakare kuchechi.

...*kuita dongo, uye ichapfuurira mberi kusvikira kumagumo...*

Ichaitai? Ichazoenderera mberi nacho kusvika kumagumo, ndiko, kumagumo.

<sup>180</sup> Zvino, chiJudha, uye nechiRoma, chiProtestanti (chinova, mhandara yakarara), vachazvibanidza pamwe chete muchimiro chemubatanidzwa wemachechi. Uye zvichave sezvakataurwa naJesu muna Mateo 24, uye nekubva muna Zvakazarurwa 13:14.

Ngatitorei Zvakazarurwa 13:14, kuti tione. Ndanga ndakazvinyora zasi apa, tione kuti chii, 13:14. Zvakanaka, changamire.

Uye akanyengera avo *vanogara panyika* nekuda kweminana iyoyo *iyoyaaive nesimba rekuita* (kubatanidza machechi aya) *pamberi...chichiti... pamberi pechikara; chichiti kune avo vanogara panyika,*



*kuti vaitire chikara mufananidzo, icho chakange chine vanga rakaipisisa remunondo, zvino chikararama.*

<sup>181</sup> Zvino, tinoziva, pasina kana mumvuri wekukahadzika, kuti chikara ichi chaive ani, simba iroro raive neronda rakaipisisa chikararama. Ndeapo pakauraiwa Roma yechihedheni, uye Roma yechipapa ikatora nzvimbo yayo; pakauraiwa simba rechihedheni, zvino simba rechipapa ndokutora nzvimbo yaro.

<sup>182</sup> Zvino, zvino, Zvakazarurwa 13:14. Jesu, muna Mateo 24, akavayambira nezvazvo. “Mufananidzo kune chikara.”

<sup>183</sup> Pauro, muna VaTesaronika veChipiri chitsauko 2, ndima 3 ne 4. Ngatizvitorei, onai Pauro, zvaanotaura pano nezvazvo. Mweya Mutsvene mukuru iwoyo uri pamuporofita mukuru uyu waShe, onai zvaakataura pamusoro pazvo muzuva rekupedzisira. Muna VaTesaronika veChipiri, chitsauko 2 ndizvo zvazviri. Zvakana, changamire. Uye kutanga nendima 3, ndinotenda ndizvo. Zvakana, ngativerengei zvino. Nyatsotererai, munhu wese. Vangani vanotenda kuti Pauro akanga akazadzwa neMweya Mutsvene? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Amen. Tarisai pano.

*Ngakurege kuva nemunhu anokunyengerai nemutowo upi noupi: nekuti zuva iroro harisviki, kana kusati kwatanga kuuya kutsauka, . . .*

Ari kuedza kuzvibvisa mumusoro mavo kuti Ari kuuya pakare ipapo. Akati, “Panofanira kuve nekutsauka kubva kuChechi, kutanga,” munoona, kunouya muZera rino reRaodhikia.

*. . . nemunhu wechivi uya kura- . . . acharatidzwa, . . .*

“Munhu wechivi,” kusatenda muMweya Mutsvene. Kusatenda kucharatidzwa.

*. . . mwanakomana wekuperadzwa;*

Sezvaive zviri Judhasi, mubati wehomwe yechechi.

*Uyo anopikisa uye anozvikwidziridza pamusoro pezvose izvo zvinonzi Mwari, kana zvinonamatwa; zvekuti iye saMwari anogara mutemberi yaMwari, . . .*

Hama, pane munhu here panyika, kunze kweVatican, anoita izvozvo? Ndekupi kwacho?

<sup>184</sup> Zvino, endai kuno muna Zvakazarurwa 13, uye ndikuratidzei kuti munhu uyu anogara paguta . . . muguta, uye guta racho rakagara pa—pamakomo manomwe. Uye nhamba yechikara mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu, yakanyorwa mu—muchLatin . . . arifabheti yechiRoma, mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu, ndiVICARIVS FILII DEI, zvinova, “Pachinzvimbo cheMwanakomana waMwari,” pachigaro chapapa. Uye chigaro chake, chine korona iri muhutatu. Uye ndakatatarisa

pakorona yacho, ndakamira pedyo sezvakaita ruoko rwangu kumeso kwangu, saizvozvo, uye—uye ndikaona korona yakashongedzwa yapapa imomo chaimo muVatican, pachangu, ndakamira ndokuitarisa, kuti ndive nechokwadi kuti ndinoziva zvandinotaura nezvazvo. “Anopikisa, pachake pamusoro pezvose zvinodaidzwa kunzi Mwari, varume vese vane humwari. Ndiye mutsvene kupfuura ivo vese; anogara mutemberi yaMwari, achingozviratidza kuti iye ndiMwari,” achiregerera zvivi panyika, nezvimwe zvakadaro, munoziva. Chokwadi.

<sup>185</sup> Pauro akati, “Kutsauka ikoko kunofanirwa kutanga kwauya, mwanakomana uya wekuperadzwa oratidzwa.”

*Hamurangariri here, kuti, ndichiri...nemi,  
ndakakuudzai zvinhu izvi?*

<sup>186</sup> Oo, ndaida kunge ndakagara ipapo, ndichinzwa Pauro achiparidza izvozvo. Hamaidarowo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hum! Ndaizoda zvakadini kumuteerera. Oo, ini zvangu!

<sup>187</sup> Zvino chii chaachaita? “Mufananidzo kune chikara.” VaTesaronika vechipiri. Zvino teererai. Teeresai zvino, nepedyo. Chechi yakange yave kutonzwa kare kuuya kwapapa. Chii? Kupera kwezera iroro rechechi, Pauro. Vakaona chinhu ichi chavaNikoraiti chaisimuka; vakange vari kuzogadzira munhu mutsvene, (kuzodii?) papa. Nyika uye nevaremekedzwa vakanga vaverevedza vachipinda muchechi, uye vachishandura hurongwa hwemanamatiro. Pauro, neMweya Mutsvene, akange azvibata muMweya. Uye chechi, nemapoka ayo uye nevaremekedzwa, vanhu vane chiremerera, nevamwe vakadaro, kuti vakaona kuti paiuya chimwe chinhu. Uye Mweya Mutsvene waivayambira nezve mazuva ekupedzisira. Hamurangariri here kuti Jesu akataura nezvazvo sei? Mabasa evaNikoraiti, ayo pakupedzisira ndokuva dzidziso, uye tevere ndokuzova sangano! Hama, hatisi murima zvino. Rangarirai, munooni. Hepanoi patiri.

<sup>188</sup> Mabasa evaNikoraiti, sangano richitanga, varemekedzwa vakuru, uye pamusoro pemachechi, nezvimwe zvakadaro, zvikabva zvaumbwa kuva chechi yeKatorike. Zvino Pauro akati hakungavi nenguva yekupedzisira, hakungavi nenguva, kusvikira pava nekutsauka kubva paKutenda chaiko, kwepentekosti. Kutenda kwepentekosti kuchabviswa, zvino vanoremekedzwa vachagadzwa imomo. Vachava nemurume achatora nzvimbo yaMwari, akagara mutemberi yaMwari, uye opikisa, iye pachake pamusoro pevanhu vese saizvozvo. Uye, izvo, munooni, kuti chii ichocho? *Nickao*, “kukunda ungoro.” Maona? “Zvese zvinonzi Mwari; achagara mutemberi yake yaMwari, saMwari.” Pauro akati kuchave nekutsauka kutanga, mumazuva ekupedzisira. Uye hezvinoini tiri pano, pano chaipo zvino, uye nekuona kutsauka ikoko, uye nekuona chechi ichienda

kure nekure kubva paKuri, uye ichidzokera kumashure chaiko zvakare. Zvino tave panguva yekupedzisira. Zvakana.

<sup>189</sup> Zvino, kana mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe akarova chaipo, uye maJudha ari kumusha kwavo zvino, uye zera rechechi yeMarudzi raro chaipo panguva yekupedzisira, kunguva yavaNikoraiti...kana kuti kunguva yeRaodhikia; Kuuya kwaShe kwaswera zvakadini, kuguma kwezvinhu zvese, kuguma kwezera rino, uye neKubvutwa? Nguva yaAnotanga vhiki rechimakumi manomwe iroro, kana makore manomwe, Chechi yatoenda.

<sup>190</sup> Muri kuzviona here, shamwari? Simudza ruoko rwako kana uchizviona. Maona? Zvino, ngatiregei kuva vana. Ngatiregei kutamba-tamba zvekare. Tave panguva yekuguma. Chimwe chinhu chiri kugadzirira kuitika. Tave kumagumo. Hezvinoini tave pano.

<sup>191</sup> Mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe aya akarova chaipo; kuenda kwemaJudha kwakarova chaipo; zera rechechi rakarova chaipo. Tave panguva yekuguma, nguva yekuguma, zera rechechi yeRaodhikia, kumagumo kwaro. [Hama Branham vanoshandisa muenzaniso uri pabhodhi—Mupepeti] Nyeredzi vatungwa vakaparidza mharidzo yavo. Yakabuda. Isu tiri kungoyerera. MaJudha anga achidzoka kwemakore makumi mana. Vari kumusha kwavo.

Chii chichatevera kuitika? Kuuya kweDombo. Hezvoka izvo. Zvichaitika nguvai? Handizivi. Asi, hama, kwandiri, ndinoda kugadzirira. Ndinoda kuva nembatya dzangu dzose dzakagadzirira.

<sup>192</sup> Zvino, tinongova chete—chete nemaminitsi mashomashoma, uye ndinoshuva kuti dai mateerera chinyararire zvino kweminiti chete.

Nguva yaAnotanga vhiki rechimakumi manomwe, kana makore manomwe, Chechi yatoenda. Zvino teererai. Ndiri kutaura zvakare, kudzorodza kutaura, kuti musazokanganwa. Izvi ndizvo zvaiswa neMweya Mutsvene pachinyoreso changu pandanga ndichinyora. Tiri muzera reRaodhikia. Kristu ari kurambwa nechechi yaKe pachaKe. Nyeredzi yezero rino, Mharidzo, zvaenda mberi. Uye Israeri iri munyika yayo. Muri kuona patiri? Tave kumagumo.

Zvino, kungoti chitaurwa chimwe chete kana zviviri.

<sup>193</sup> Zvese izvi zvino zvatinoona, zvichatibatsira, nenyasha dzaVo, apo tichiedza kusvika paZvisimbiso Zvinomwe izvi zvekupedzisira. Munooona here patingadai takazvipotsa? Kubva pana Zvakazarurwa 6:1 kusvika kuna Zvakazarurwa 19:21, tingadai takazvipotsa, 'nekuti, munooona, tingadai tange tiri kuedza kuzviisa kumashure uko, muzera rino reMarudzi; uko, munooona, zviri uko muzera rino. [Hama Branham vanoshandisa muenzaniso wepabhodhi—Mupepeti] Maona?

Zvino, takazviratidza neShoko raMwari, uye nenhorooondo, uye nezvinhu zvese, uye nezviratidzo zvenguva, nemazuva, kuti hapana chimwezve chinhu chasara. Tiri kumagumo eMarudzi. Chii cha—chii chatichaita nezvazvo? Mweya wangu nemweya wako; hupenyu hwangu nehupenyu hwako; hupenyu hwevadikanwi vedu. Takabhabhadzirwa nguva dzose zvakanyanyisa. Takava nezvinhu zvakawandisa zviri nyore. Zviri nani titange kufamba. Nguva yaperera kupfuurira zvaunofunga, ingorangarirai.

<sup>194</sup> Zvino, chirevo chinoshamisa, kana muchida kuchinyora pasi. Nyatsoteereresai, ndapota. Ichi ndicho chitaurwa changu chekupedzisira, chinoteverana nacho; Ndine chinhu chidiki-diki pano mushure meizvi, chinyorwa chidiki chandinoda kutaura nezvacho. Zvino zororai kwechinguvana uye nyatsoteererai, ndokupai chimwe chinhu chinoshamisa, chinopinda chaimo mune izvi. Maona?

Hapatorina kana hupamhi hwebanga pakati pemagumo ezera rino neKuuya kwaKristu. Zvese, hapana chimwe zvakare chasara. Ko Israeri iri kumusha kwayo here? Tinozviziva izvozo. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Tiri muZera reRaodhikia here? [“Ameni.”] Ko Mharidzo yezera rino repentekosti yakaenda here, ichiedza kuzunguza vanhu kuti vadzokere kuRopafadzo repentekosti repamavambo? [“Ameni.”] Mutumwa wese akauya nemuzera here, chaizvoizvo chinhu chimwe chete? [“Ameni.”] Marudzi anorwisana nemarudzi here? [“Ameni.”] Denda? Mune nzara here munyika nhasi, Chechi yechokwadi ichtiyaira mazana emamaera ichtsvaga kunzwa Shoko raMwari? [“Ameni.”] “Kwete chingwa choga, asi kunzwa Shoko raMwari.” Kwakauya nzara. [“Ameni.”] Ndizvoizvo here? [“Ameni.”] Handiti, tiri kurarama pakati chaipo payo, ipo pano zvino. [“Ameni.”] Munoono here patiri? [“Ameni.”] Takamirira Dombo iroro.

<sup>195</sup> Chirevo chinoshamisa! Kubva panguva iyo Mwari vakaita vimbiso kuna Abrahamama...Musapotse izvi. Kubva panguva Mwari vakaita vimbiso kuna Abrahamama, Genesi 12:3, kusvika panguva yaKristu achirambwa muna A.D. 33, nemaJudha; maererano naVaGaratia 3:16 na17, uye maererano nekwaUsher, kwa-U-s-h-e-r, kuverengwa kwenguva munhorooondo yeVaHebheru kwaUsher; simba raMwari raive nemaJudha makore chiuru chimwe nemazana mapfumbamwe nemakumi mashanu nemana chaiwo. Mwari vakashanda nemaJudha makore chiuru chimwe nemazana mapfumbamwe nemakumi mashanu nemana, maererano nekuverengwa kwenguva yemaJudha, uye maererano naVaGaratia 3:16 na17. Ndine mamwe Magwaro mazhinji, asi kungopa iwayo.

Zvino, mushure mekunge varamba Kristu, Akatendeukira kune Marudzi, kutora vanhu kuitira Zita raKe. Munoda here Rugwaro pamusoro pazvo, nzvimbo yacho? Mabasa 15:14.

<sup>196</sup> Zvino, tichiverenga nguva, tinoona kuti tine chiyoiyo (teerera) makore gumi nemanomwe asara, uye tichava nechikamu chakatambanuka zvimwe chete chenguva yakapihwa kwatiri, saMwari vachishanda nesu musimba reMweya Mutsvene, kubvira A.D. 33 kusvika 1977. Kutambanuka kumwe chete kwenguva, kwemakore chiuru chimwe chete nemazana mapfumbamwe nemakumi mashanu nemana, Mwari vanoshanda nesu zvimwe chete sezvaVakaita nemaJudha. Zvakadii izvozvo!

<sup>197</sup> Zvino, nyora pasi mubhuku rako, Rugwaro rwudiki pano rwandinoda kukupa. Revhitiko 25, kutanga nendima 8. Mwari vakadana jubheri, gore rega-rega remakumi mana nerechifumbamwe. Gore rechimakumi mashanu raive gore rejubheri. Tinozviziva izvozvo. Tinozvinzwisisa izvozvo. Kubva pajubheri rekutanga, raRevitiko 25:8, muna 1977 rinenge riri jubheri rechimakumi manomwe, zvichiita chaiwo makore zviuru zvitatu nemazana mana nemakumi matatu. *Jubheri*, zvinoreva, “Kuenda kumusoro! Kusunungurwa!”

Oo, takatarira kuuya kwezuya iroro rinofadza reMireniyamu,  
 Apo Ishe vedu vakaropafadzwa vachauya kuzobvuta Mwenga waVo wakamirira;  
 Oo, nyika iri kugomera, ichichemera zuva iroro rerusununguko rwunotapira,  
 Apo Muponesi wedu achadzoka zvakare panyika.

<sup>198</sup> Mazvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mwari vashanda nesu kwenguva yakaenzana zvimwe chete neyavakashanda nayo nemaJudha. Kubva panguva yaVakapa Abrahamu vimbiso, kusvikira pakurambwa kwaMesiya muna A.D. 33, aiva makore chiuru chimwe nemazana mapfumbamwe nemakumi mashanu nemana. Uye zvino tasarirwa nemakore gumi nemanomwe. Takava nemakore angangoita chiuru chimwe nemazana mapfumbamwe nemakumi matatu neanorudzira. Tasarirwa nemakore gumi nemanomwe, kusvika ’77, inenge iri jubheri yechimakumi manomwe kubvira kutanga kwemajubheri. Uye chichava chii? Oo, hama! Nyatsotarisisai zvino. Musazvipotsa. Ichange iri jubheri yekukwira kudenga kweMwenga weMarudzi, nekudzoka kwaKristu kumaJudha, pavanobuda muhutupwa. Amen! Hamuoni here? Kubva pasi rose, vaungana ikoko kuitira zuva iroro. Oo, ini zvangu! Munoono here patiri? Hatizive kuti inguvai yazvinogona kuitika. Tave panguva yekuguma.

<sup>199</sup> Zvino teerera. Kunemi venguva yekare pano mu—muchechi, vanga vari pano kwenguva yakareba, Ndinoda kuti mucherechedze chimwe chinhu. Handina kumbodzidza izvi kusvikira nezuro; Ndakazvitora kubva kumunyorori wenhorondo, Paul Boyd, uyezve... Uye ndakazvironda

ndichidzokera kumashure kuburikidza nemuMagwaro, ndikatora mamwe mazuva aya pano, nezvimwe zvakadaro, ndokuzvitora, ndokumhanya nazvo, ndokunyatsozvionda.

<sup>200</sup> Zvino, muna 1933, pataive tichinamata neche kuno mutemberi yeMasonic, pakamira church of Christ nhasi, nemamwe mangwanani aKubvumbi, ndisati ndabva kumba, Ndakanga ndichikumikidza motokari yangu (ndakawana motokari yemuna '33, uye ndakanga ndichiikumikidza kubasa raShe.), uye muchiratidzo, ndakaona nguva yekupedzisira (Zvino cherechedzai kuti izvi zvinoshamisira sei, kumashure uko ndichingori mukomana, uye munogona kufungidzira kutaridzika kwaive kwakaita mhando yemotokari ya1933, zvino, kuti yaitaridzika sei.), zvino ndakaenda ikoko kutemberi yeMasonic, uko, vamwe venyu vekare-kare vari muno munorangarira, zvakanyorwa pasi pabepa rekare kumba, zvakatodhindwa uye zvakatenderera pasi rose, munoono, maiva muna 1933, uye ndakafanotaura kuti paizova netsaona huru ichaitika kune United States ino mushure, kana kuti, panozovika gore ra1977. Vangani vanorangarira ini ndichitaura izvozvo? [Ivo venguva yakare vanoti, "Ameni."—Mupepeti] Tarisai ruoko. Chokwadi.

<sup>201</sup> Zvino tarisai. Ndakafanotaura zvinhu zvinomwe zvaive zvichiri kugadzirwa zviri zve...kuguma kukuru uku kusati kwasvika kana kuti chinhu chikuru chaizoitika muno muUnited States, chimwe chinhu chikuru chinotyisa. Ndakati...

Zvino rangarirai, izvi zvaive apo zvisati zvatanga. Ndakati taizopinda muHondo Yepasi rose Yechipiri. Vangani vanorangarira vachindinzwa ndichizvita? Itai, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvakanaka. Hondo Yepasi rose Yechipiri! Ndakati, "Mutungamiriri wenyika uyo aripo zvino..." Ndakazvikopa izvi kubva parugwaro rwekare, zvakadaro, chinhu chekare nezuro, kuti, "Mutungamiriri wenyika watinaye zvino," uyo aive...Vangani vanorangarira kuti aive ani? [Imwe hama inoti, "Franklin Roosevelt."] Franklin D. Roosevelt. Ndakati, "Mutungamiriri wenyika watinaye zvino achakwikwidza kunyange muchijana chechina," aive mune chake chekutanga zvino panguva iyoyo, "achakwikwidza kupinda muchijana chechina, uye tichaendeswa kuHondo Yepasi rose Yechipiri."

<sup>202</sup> Ndakati, "Mutongi ane hudzvaniriri uyo ari kusimuka muItaly, anova Mussolini, achapinda pakutonga. Uye achaenda kuEthiopia, uye Ethiopia ichawira patsoka dzake." Kune vanhu vagere pano zvino vanoziva, kuti pane boka revanhu rakauya ndokumira, pandaiva nemusanganano wangu muRedman's Hall zasi ikoko husiku ihwohwo, pandaifanira kudzika zasi ikoko kunoparidza izvozvo, Redman's Hall, uye vanga vachizondidzingira kunze kwehoro nekuda kwekutaura chinhu chakadaro. [Hanzvadzi Wilson vanoti, "Ameni. Ndizvozvo."—

Mupepeti] Hongu. Hongu. Mai Wilson, Ndinoziva kuti muri... [“Ndizvozo.”] Ndizvozo. Pandakataura izvozvo... Asi akazviita here? “Asi,” ndakati, “achasvika kumagumo anonyadzisa,” uye akadaro. Iye nemukadzi waaimhanyidzana naye, vakasunamiswa vakatarisa pasi ndokurembedzwa patambo mumugwagwa, nemakumbo avo ari mudenga, hembe dzavo dzakaremba pasi. Zvakanaka, izvozvo zvakaitika.

<sup>203</sup> Uyezve ndakati, “Vakadzi vakabvumidzwa kuvhota. Zvinova chinyadziso zvachose panyika. Uye, mukuvhota, rimwe zuva vachasarudza murume asiri iye.” Zvino vakazviita musarudzo iyi yekupedzisira. Ini zvangu, ini zvangu! China... (Ndakati, “Sainzi ichafambira mberi nenzira yekuti...”) Kwete, pano, ndechechitatu. Ndiregerereiwo.

<sup>204</sup> Hechino chimwe chinotevera, apo, chechina. Ndakati, “Hondo yedu ichave neGermany, uye vachavaka nzvimbo hurusa yekongiri uye vozvichengetedza zvakasimba imomo, zvino vekuAmerica vachakundwa zvinotyisa.” Mwari Samasimba vanoziva, ivo Avo vandimire pamberi pavo zvino, ndakaona maNazi akazvimirira iwayo achikava vekuAmerica kudaro, uye nezvinhu, padziro iroro. [Mumwe murume ari muungano anoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye kune vakomana vazhinji vakamira pano izvozvi vaive paSiegfried Line, vanoziva kuti chaive chii. [“Ameni. Hongu, changamire. Ameni.”] Uye rangarirai, anga ari makore gumi nerimwe Siegfried Line isati yavakwa. Mwari ndevechokwadi here? [Ungano inoti, “Ameni.”] Vachiri kufanotaura zvinhu zvichaitika here? [“Ameni.”] Tarisai. Ndizvozo, chaive chechina.

<sup>205</sup> Zvino chinhu chechishanu. “Sainzi ichafambira mberi nenzira yokuti vachadzamara vagadzira motokari isingazofanirwa kutungamirwa nechidhiraivho. Uye mota dzicharamba dzichiumbwa sezai, kusvikira kumagumo, nguva yekupedzisira. Ndakaona mhuri yemuAmerica ichidzika nemugwagwa, mumugwagwa wakafara, vari mumota nemisana yavo yakafuratira uko kwaifanirwa kunge kuine chidhiraivho, zvakaite sekunge vaitamba tsoro kana makadhi.” Uye tave nayo. Zviri paterevhizheni. *Popular Science, Mechanics*, waro, vese vanazvo. Tava nayo mota yacho. Inotungamirwa nerimoti, ne—neradha. Havatombofaniri kunge vaine chidhiraivho zvacho mairi. Unongoisa chokuchayisa chako seizvi, sekuchaya kwaunoita runhare rwako, zvino mota yako inokuendesa ikoko chaiko; haigoni kuita tsaona, kana chimwewo chinhu, hapana dzimwe mota. Magineti inoisa dzimwe dzacho kure newe. Maona? Vanayo. Oo, ini zvangu! Fungai nezvazvo. Yakafanotaurwa makore makumi matatu zvisati zvaitika!

<sup>206</sup> Zvino, zvinotiunza zvino kusarudzo yeMutungamiriri wenyika Kennedy.

Uye mota iyi ichiuya pa—panzvimbo, zvichiunza zvinhu zvishanu (kubva pane zvinomwe) zvakaitika nemazvo.

<sup>207</sup> Zvino, ndakafanotaura, uye ndakati, “Ndakaona mukadzi mukuru achisimuka, anotaridzika kuva nerunako, akapfeka zvepeporo zvakaita zvehumambo zvepamusoro chaizvo.” Zvino ndaisa mabhuraketsi madiki pasi apa, “(Aive mutongi mukuru muUnited States; pamwe kereke yeKatorike.)” Mukadzi, mumwe mukadzi; Handizive ichava chechi yeChikatorike. Handizivi. Handikwanise kutaura. Chinhu choga chandakaona, ndakaona mukadzi, ndizvo zvoga.

<sup>208</sup> Asi ino inyika yemadzimai. Nyika ino inhamba yegumi nenhatsu, muchiporofita. Ine mitsetse gumi nemitatu, nyeredzi gumi nenhatsu. Yakatanga nematunhu gumi nematatu. Gumi nenhatsu, gumi nenhatsu, zvese igumi nenhatsu. Inoonekwa muchitsauko 13 chaZvakazarurwa, kunyangwe. Iyo igumi nenhatsu. Uye inyika yemadzimai.

<sup>209</sup> Matare ekurambana muAmerica anoburitsa kurambana kwakawanda, nemadzimai edu, kunodarika dzimwe nyika dzese. Hunhu munyika medu hwakaderera zvakanyanya, uye nekurambana, kupfuura zvazviri muFrance kana Italy, uko hupfeve huri mumugwagwa. Saka, asi ivo zvipfeve; vedu vakadzi vakaroorwa vari kuedza kurarama nevarume vakawanda, uye varume vakaroorwa vakawanda vari kuedza kurarama nevamwe vakadzi.

<sup>210</sup> Mudzinyika uko kwavaine barika, zviri nani zvapaketwa chiuru. Uye, zvakadaro, barika harina kunaka, tinoziva. Asi, kungoratidza kuti takaderera zvakadini.

<sup>211</sup> Ndakawana chidimbu kumusoro uko kubva mubepa, apo parakaridza kuti pakaenda vakomana vedu vekuAmerica mhiri kwemakungwa, muhondo iyi yekupedzisira, kuti vanodarika, ndinodaira, vaive tingati zvikamu makumi manomwe kubva muzana...Nhai, zvino, mirai zvishoma, ndinotenda kuti vaive vatatu kubva pavana vakaenda mhiri kwemakungwa, vaive varambwa nemukadzi wavo vasati vadzoka. Uye musoro wenhau mukuru unoti, “Chii chakaitika kuhunhu hwevanhu vedu vemuAmerica?” Munorangarira muchizviona here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mese makadaro, ndinofungidzira. “Chii chakaitika kuhunhu hwevakadzi vedu vemuAmerica?” Kumafekitari, vachishanda kunze uko nevamwe varume. Inyika yemadzimai. Chii chaichava nacho? Mwari wechikadzi, kana chimwarikadzi.

<sup>212</sup> Zvino, ipapo, shure kwaizvozvo, ndakatendeuka ndokutarisa. Zvino ndakaona United States ino ichibvira kunge panopfungaira, matombo aive aputitswa. Uye yaibvira kunge mu—murwi wemoto uri mumatanda, kana chimwe chinhu chakangoitungidza moto. Uye ndakatarisa kure kwandaikwanisa kuona, zvino yakange yaputitswa. Zvino



ndokubva chiratidzo chandisiya. Zvishanu kubva pazvitatatu zvakaitika...kana kuti zvishanu kubva pazvinomwe, waro, zvakaitika.

<sup>213</sup> Uye hepano ndokuuya nekutaridza. Uye zvadaro ndakafanotaura. Handina kumbobvira ndakataura kuti Ishe vakandiudza izvozvo, asi, ndakamira mangwanani iwayo muchechi, Ndakati, “Nenzira iyo budiriro...” Ndakadzokera kune rimwe divi remadziro avo, ndokumhanyira kune rimwe divi remadziro. Ndakati, “Nenzira iyo budiriro iri kufambira mberi, ndichafanotaura kuti nguva... Handizive kuti sei ndiri kuzvita. Asi ndinofanotaura kuti izvo zvese zvichaitika pakati pazvino, 1933, na1977.”

Uye ndisingazvize, Mwari vanoziva moyo wangu, handina kumbozviva kusvika nezuro, kuti 1977 ndiyo jubheri, uye itori nguva imwe chete chaiyo yaVakapa Israeri payakaperera, nezvose kumagumo. Saka tiri pa...Uye hepano patiri kumagumo ezera, pakuuya kwevhiki rechimakumi manomwe. Hatizive kuti inguva ipi iyo Chechi paichaenda. Oo, ini zvangu! Chii chatingaite, shamwari? Tiri papi?

<sup>214</sup> Munoono zvati zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munonzwisisa here vhiki rechimakumi manomwe raDhanieri zvino? [“Ameni.”]

Munoono, zvino, patinopinda muZvisimbiso izvi nezvimwe, tichipamura Zvisimbiso izvi. Chekutanga chinobuda, mutasvi webhiza jena, uye akabata uta muruoko rwake. Tarisai kuti muchinda iyeye ndiani. Tarisai bhiza pfumbu iroro richimutevera. Maona? Tarisai kuti ndiani, uye tarisai kuti vanopinda sei. Tarisai vava zviuru zana zvinemakumi mana nezvina zvichipinda. Tarisai mhandara iya yakarara painouya. Zvino motarisa zvinhu zvese izvi zvichiitika: kudururwa kweNdiro dzematenda, Nhamo, mweya yetsvina mitatu yakaita sematya. Tarisai zvinhu izvozvo kuti zvinonyatsokwana zvakadii mumatenda iwayo, chaizvoizvo paanozodururwa. Nguva yose Chisimbiso pachinovhurika, denda rinodururwa, uye kuparadzwa kunouya. Zvino tarisai zvinoitika iko zvino kumagumo.

<sup>215</sup> Uye, oo, tarisai vaporofita vatatu ava...kana kuti vaporofita vaviri ava, pavanosimuka pano. Zvino pakati peviki, vachagurwa saizvozvo, uye ipapo potanga Hondo yeAmagedhoni. Zvino Mwari vanotanga kutaura, pachaVo, ipapo Vanomira votanga kurwa. Vaporofita ivavo vari kurova nyika. Vari kuparidza Zita raJesu Kristu. Vari kubhabhatidza nenzira imwe chete. Vari kuita zvinhu zvimwe chete izvo madzibaba epentekosti epakutanga, vakaita, uye vazhinji vari kuvatevera. Asi avo vakaita mubatanidzwa, sangano iroro, vakapfuurira vachidzika zasi, uye kunyangwe simba revaporofita ivavo harina kuutyora. Uye pakupedzisira vakati,

“Tichaaita ose sangano rimwe chete.” Uye anonunza mukati (chii ichocho?) chinyangadzo, chiRoma, kuti chiparadzire chinhu chacho chose, chinoita dongo. “Chinyangadzo chinoita dongo,” chinounza zvinhu zvese, “hutsvina.”

<sup>216</sup> Rangarirai, amai chipfeve chakare chakagara pachikara, chakapfeka zvitsvuku saizvozvo, chakanga chiine misoro minomwe nenyanga gumi. Munozvirangarira here? “Zvino aiva nemukombe muruoko rwake, wetsvina dzezvinyangadzo zvake.” Ndiyo yaive dzidziso yake yaaisa kuvanhu. Zvino hapo patiri, hama dzangu. Tave panguva yekuguma.

<sup>217</sup> Vana vadiki, hatimbofa takaziva, tinogona kusatomborarama zvokuti tidzoke zvakare manheru ano. Tinogona kusatomborarama zvokuti tionane zvakare. Handizivi. Asi, magumo ave pedyo kwazvo, magumo ave pedyosa. Herino Gwaro. Panongova nehumbowo chaihwo, hwakakwana zvachose, hweMagwaro.

<sup>218</sup> Zvino, kana paine chimwe chinhu chausina kunzwisisa, ndinyorere kagwaro uye undizivise nezvazvo. Maona? Taura chimwe chinhu. Vamwe venyu hama kunze uko pamatepi, mune zvimwe zvikamu, kana paine chimwe chinhu chandinogona kukubatsirai, ndizivisei. Munogona kusawirirana neni, uye ndinogona kusawirirana nesangano renyu; kwete imi, asi hurongwa hwesangano renyu. Handipesane nevanhu vechiKatorike. Handitaure kuti handifariri vanhu vechiKatorike, handifariri vanhu vesangano. Hazvisizvo. Ndinoda vanhu vese, asi handibvumirane nehurongwa ihwohwo hunoramba hwakakusungirirai pasi. Ndizvo zviru, hurongwa hwacho. Ndizvozvo.

<sup>219</sup> Ndakanga ndisingapesani neGermany; chaive chiNazi. Ndakanga ndisingapesani nemaTariyana; kwaiva kupesana nechi—chiFascism. Uye rangarirai, ndakaita kumwe kufanotaura munguva iyoyo, kungofanotaura, uye vazhinji venyu vekare munokurangarira. Ndakati, “Kune maism matatu makuru ari kuedza kubata munyika nhasi: Fascism, Nazism, neCommunism.” Uye ndakati chii? Ese aizomedzwa muCommunism.

<sup>220</sup> Ndikabva ndangoita kuti imi mese muzvidzokorodze zvakare, “Rambai makaisa meso enyu pane Russia.” Munozvirangarira here? “Rambai makaisa meso enyu pane Russia. Zvichamedzwa zvese muCommunism.”

Uyezve zvichamedzwa zvese, kumagumo, muchiKatorike. Rangarirai, zvichamedzwa zvese muchiKatorike munguva yemagumo. Ndizvozvo chaizvo. Ndipo apo paHondo yeAmagedhoni, imo muno *umu* chaimo, panouya Kristu, pachaKe.

<sup>221</sup> Asi vaporofita ava vatatu... Makore matatu nehafu aya, waro, ndiyo Zvakazarurwa 11:3, makaiverenga kakawanda,

“Ndinopa simba kuzvapupu zvaNgu zviviri, uye vachaporofita mazuva chiuru nemazana maviri nemakumi matanhatu.” Mangani iwaya, mazuva chiuru nemazana maviri nemakumi matanhatu? Makore matatu nehafu. “Uyezve vachauraiwa mumugwagwa,” pakati chaipo pevhiki iri rechimakumi manomwe.

Saka, muri kuona here pane mavhiki makumi manomwe aDhanieri? Muri kuona here patiri kurarama? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Tave kumagumo, shamwari dzangu dzinodikanwa. Tave kumagumo. Mazuva . . .

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo izvo zvakafanotaurwa  
nevaporofita; (Hepano patiri.)  
Mazuva eMarudzi ave kupera, (*pano*) azere  
nezvinotyisa;  
“Dzokai, Oo vakapararira, kwenyu.”

Ngatirwuimbei:

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
Moyo yevanhu iri kukundika nokutya;  
Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu  
akagadzirwa uye akajeka,  
Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava  
pedyo!

Oo, ini zvangu! Hazvina kunaka here?

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo izvo zvakafanotaurwa  
nevaporofita;  
Mazuva eMarudzi ave mashoma, azere  
nezvinotyisa,  
“Dzokai, Oo vakapararira, kwenyu.”

Zvino pamwe chete.

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
Moyo yevanhu iri kukundika nokutya;  
Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu  
akagadzirwa uye akajeka,  
Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava  
pedyo!

Regai ndikuimbirei ndima diki.

Vaporofita venhema vari kunyepa, Zvokwadi  
yaMwari vari kuiramba,  
Kuti Jesu anova Kristu ndiMwari wedu;

Vari kuMuita mumwe Munhu wechitatu. Munozviziva izvozvo. Asi, HaAsi. Ndiye Mwari wedu.

Asi tichafamba nepakafambwa nevaapostora.

Nokuti zuva rorudzikinuro rave pedyo,  
 Moyo yevanhu iri kukundika nokutya;  
 Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu  
 akagadzirwa uye akajeka,  
 Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava  
 pedyo!

<sup>222</sup> Hamusi kufara here? Kudzokera kuMharidzo, hama!  
 Kudzokera kune zvapamavambo! Kudzokera kupentekosti!  
 Kudzokera kuropafadzo remazvirokwazvo! Kudzokera kuZita  
 raJesu Kristu! Kudzokera kurubhabhatidzo rweMweya  
 Mutsvene! Kudzokera kuzviratidzo nezvishamiso! Kudzokera  
 kupentekosti! Kure nesangano! Kudzokera kuMweya Mutsvene!  
 Ndiye Mudzidzisi wedu.

Nokuti zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
 Moyo yevanhu iri kukundika nokutya;  
 Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu  
 akagadzirwa uye akajeka,  
 Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava  
 pedyo!

<sup>223</sup> Hazvina kunaka here? Muporofita akatii? “Ichauya nguva  
 iyo ichave iri, haugone kutaura kuti husiku here kana masikati.”  
 Tarisai kuti zvaive zvakaita sei. Maona? Oo, zvichisuwisa  
 kwazvo, kupfuura nemumazera echechi!

Asi ku—kuchava neChiedza munguva  
 yemanheru,  
 Nzira yemuKubwinya uchaiwana  
 zvehokwadi;  
 Munzira yemumvura ndicho Chiedza nhasi,  
 Kuvigwa muZita rinokosha raJesu.  
 Vadiki nevakuru, tendeukai pazvivi zvenyu  
 zvose,  
 Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda  
 mukati;  
 Izvi Zviyedza zvevanheru zvauya,  
 Ichokwadi kuti Mwari naKristu ndiye Mumwe  
 chete.

Kuchava neChiedza (Tese pamwe chete!)  
 munguva yemanheru,  
 Nzira yemuKubwinya uchaiwana  
 zvehokwadi;  
 Munzira yemvura ndicho Chiedza nhasi,  
 Kuvigwa muZita rinokosha raJesu.  
 Vadiki nevakuru, tendeukai pazvivi zvenyu  
 zvese,  
 Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda  
 mukati.

Nokuti Zviedza zvamanheru zvauya,  
Ichokwadi kuti Mwari naKristu ndiye Mumwe  
chete. (Kwete vatatu; asi Mumwe chete!)

<sup>224</sup> Kudzokera kuMharidzo! Kudzokera pakutanga! Kudzokera kune zvakadzidziswa naPauro! Kudzokera kurubhabhatidzo rwaakabhabhatidza narwo! Akaona vanhu vachibhabhatidza neimwe nzira; akavaudza kuti vauye kuzobhabhatidzwazve zvakare. Akati, “Kana Mutumwa akauya achibva Kudenga, akaparidza chero chinwewo chinhu, ngaAve akatukwa.” Saka, kudzokera kuMharidzo zvakare, shamwari! Inguva yemanheru.

<sup>225</sup> Oo, ndinoVada zvakanyanya! Hamudaro here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Vangani vanoona vhiki rechimakumi manomwe raDhanieri zvino, nekuona kuti vhiki rechimakumi manomwe chii? Vangani vanoovitenda? Itai, “Ameni.” [“Ameni!”] Ameni! Mwari ngavarumbidzwe!

<sup>226</sup> Zvino, ndechipi chinhu chinotevera? Zvisimbiso Zvinomwe zvino. Tinodonhera mazviri chaimo, apo Ishe pavachatendera. Kuti zvichave zvariinhi, handizive. Chero paVanozviunza, ipapo tinobva tapinda mazviri chaimo. Tinobva tava nemusangano murefu, wakareba, nekuti zvichatora kubva pachitsauko 6 kusvika ku19, kupfuura nemazviri, uye nekunonokera sezvandiri nazvo.

<sup>227</sup> Zvino, handidi chero munhu kuti aende achitadza kunzwisisa izvi. Tepi ichakabatidzwa. Handidi chero munhu kuti atadze kunzwisisa. Musatadza kunzwisisa zvino, uye moti, “Hama Branham vakati Jesu achauya muna 1977.” Handina kumbobvira ndataura chinhu chakadaro. Jesu anogona kuuya nhasi. Asi ndakafanotaura kuti pakati pa 33 na 77 chimwe chinhu chichazoitika, kuti zvinhu izvi zvandakaona zvichiitika, muchiratidzo, zvaizoitika. Zvino zvishanu zvazvo zvakatoitika. Uye ndinotenda, nezvinhu zveatomiki zvatiinazvo zvino . . .

<sup>228</sup> Uye makaona here zvichangobva kutaurwa neMutungamiriri wedu wenyika? Achida imwe hondo. Ari kuda kuita muenzaniso kubva—kubva kune Berlin, akadaro. Aida kuita muenzaniso. Ko Cuba iri pano kuseri kwemusha wedu? Ko vadii vaita muenzaniso kubva pane iyoyo? Ko zvakadini izvozvo? Oo, izvozvo hazvina maturo! Maona?

<sup>229</sup> Oo, hama, tangova kumagumo. Vari kuenda . . . Zvichabuda nenzira iyo chaiyo Mwari yavakati zvichava, saka zvino—zvinobatsirei kuita chero chinhu kunze kwekungoverenga zvaVakataura, nekugadzirisa, uye nekuzvigadzirira. Zvino regai auye, zvino. Takazvimirira.

Takatarisira kuuya kweZuva iroro remufaro  
remireniyamu,  
Apo Ishe vedu vakaropafadzwa vachauya  
kuzobvuta Mwenga waVo wakamirira;

Oo, nyika iri kugomera, ichichemera zuva iroro  
 rerusununguko rwunotapira,  
 Apo Muponesi wedu achadzoka zvakare  
 panyika.

Oo, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
 Hongu, Ishe wedu vari kudzoka panyika  
 zvakare,  
 Oo, Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
 hatizove nemuedzi ipapo,  
 Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
 zvakare.

Vangani vakagadzirira? Simudza ruoko rwako. Oo, ini  
 zvangu!

Oo, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
 Ngatimbosimukai nekukwazisana maoko mumwe  
 nemumwe.

Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
 Oo, Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
 hatizove nemuedzi ipapo,  
 Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
 zvakare.

Oo, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
 Hongu, Ishe vedu vari kudzoka panyika  
 zvakare,  
 Oo, Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
 hatizove nemuedzi ipapo,  
 Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
 zvakare.

Kudzoka kwaJesu kuchava mhinduro kune  
 kusuwa nekuchema kwenyika,  
 Nekuti ruzivo rwaShe rwuchazadza nyika,  
 gungwa nedenga;  
 Mwari vachabvisa hurwere hwese nemisodzi  
 yekutambudzika ichaoma,  
 Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
 zvakare.

Oo, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
 Hongu, Ishe vedu vari kudzoka panyika  
 zvakare,  
 Oo, Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
 hatizove nemuedzi ipapo,  
 Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
 zvakare.

<sup>230</sup> Oo, ini zvangu! Hamunzwi zvakanaka here? [Ungano  
 inoti, "Ameni! Hareruya!"—Mupepeti] Fungai, shamwari,  
 uku kunamata, kwechipentekosti! Iyi ndiyo pentekosti.

Ngatiomberei maoko edu tirwuimbe. Vanhu vePentekosti, munhu wese, zvino sunungukai, bvisai tsika yekare chechiMethodisti kubva mamuri zvino. Huyai, ngatirwuimbei!

Oo, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
Hongu, Ishe vedu vari kudzoka panyika  
zvakare,  
Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
hatizove nemuedzi ipapo,  
Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
zvakare.

Oo, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
(Bhaibheri rinodaro!)  
Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
hatizove nemuedzi ipapo,  
Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
zvakare.

MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]  
Zvakanaka. NdinoMuda. *NdinoMuda*, Hanzvadzi Gibbs. Oo,  
ngatingosimudzai maoko edu zvino kwaAri.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga rwangu rupo- . . .(Kupi kwacho?  
Ipo pano paKarivhari.)  
Pamuti weKarivhari.

NdinoMuda, (Kubwinya!) ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.



*VHIKI RECHIMAKUMI MANOMWE RADHANIERI* SHO61-0806  
(The Seventieth Week Of Daniel)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAVHIKI MAKUMI MANOMWE ADHANIERI

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Nyamavhuvhu 6, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)